O`ZBEKSTAN RESPUBLİKASI
XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

A`JİNİYAZ ATINDAG`I NO'KİS MA`MLEKETLİK
PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI

*Sh. Qallıqlıshov, M. Amanbaev*

# QARAQALPAQ MİLLİY NAG`ISLARI

*(oqıw qollanba)*

NO`KİS-2012

*Du'ziwshiler:* Sh.Qallıqlıshov, M. Amanbaev

USınılıp atırg'an oqıw qollanba joqarı oqıw orınlarında «Miynet ta'limi» ha'm «Su'wretlew o'neri ha'm injenerlik grafikası» bakalavr ta'lim jo'nelisi boyınsha oqıtıwshılar tayarlawshı bo'lim yamasa fakul'tet talabaları ushın arnalıp, olardın' teoriyalıq ha'm a'meliy bilimlerin rawajlandırıwg'a qaratılg'an. Qollanba keleshekte talaba jaslardı a'wladan-a'wladqa o'tip kiyatırg'an milliy qa'diryatlar, da'stu'rler tiykarında o'sip-o'niwi ushın ha'm o'ner u'yretiwdi o'z aldın'a maqset etip qoyadı. Bul qollanbanı pedagogikalıq kolledjler, ulıwma orta bilim beriw mekteplerinin' miynet, su'wretlew ha'm a'meliy o'neri oqıtıwshıları da paydalanıwı mu'mkin.

**JUWAPLI REDAKTOR**

*K.M. Koshanov* - **A'jiniyaz atındag'ı No'kis ma'mleketlik pedagogikalıq institutının' professorı, filologiya ilimlerinin' kandidatı**

**PİKİR BİLDİRİWShİLER:**

1. *B.Awezov* - **A'jiniyaz atındag'ı No'kis ma'mleketlik pedagogikalıq institutı miynet ta'limi kafedrasının' dotsenti.**
2. *T.Baltabaev* - **K. Ubaydullaev atındag'ı RPKQThQAİ a'meliy pa'nler kafedrasının' baslıg'ı.**

**Oqıw qollanba A'jiniyaz atındag'ı No'kis ma'mleketlik pedagogikalıq institutının' İlimiy-metodikalıq ken'esi qararı (2012-jıl 17-yanvar' №5) menen baspag'a usınılg'an.**



## KİRİSİW

G'a'rezsizlik sharapatı menen jaratılg'an «Kadrlar tayarlawdın' milliy da'stu'ri» ta'lim tarawın o'tmishten qalg'an idealıq qaraslar ha'm sarqıtlardan tolıq qutılıw, joqarı ma'nawiyat ha'm a'dep-ikramlılıq talaplarg'a juwap beriwshi sapalı bilimge iye kadrlar tayarlaw ha'm olardın' sıpatın xalıq aralıq standartlar da'rejesine ko'teriwdi na'zerde tutadı. Xalqımız o'mirinde ju'z berip atırg'an o'zgerisler o'ner tarawına da belgili da'rejede o'z ta'sirin o'tkizbekte. Solay eken, o'ner ha'zirgi ku'nde insan o'mirin ja'ne de go'zzal etiw, og'an estetikalıq ruwxıy azıq beriwi kerek.

Go'zzallıq sırların u'yren'iw arqalı insanlarg'a tiyisli jaqsı pa'ziylet - keleshekke jetelew boyınsha basqa taraw oqıtıwshısı xalıq o'nermentshiligi qol o'neri bere alatug'ın wazıypanı atqara almaydı. Shınında da, talaba ha'm jaslardı estetikalıq ha'm ruwxiy kamalg'a jetkeriw, olarg'a ha'r ta'repleme ruwxıy azıq beriwde «Xalıq o'nermentshiligi» pa'ninin' imkaniyatları ken'.

Xalıq o'nermentshiligi pa'ninin' nag'ısshılıq, ag'ashqa nag'ıs oyıw boyinsha shınıg'ıwları talabalarda ruwxıy ag'artıwshılıqtın' ajıralmas bir bo'legi esaplang'an ko'rkem xalıq a'meliy o'nerin ha'm a'dep-ikramlılıqtı rawajlandırıwg'a xızmet etedi. Xalıq do'retpesi bala ta'rbiyasında a'hmiyetli orın iyeleydi. Keleshek a'wladtı ko'rkem o'ner sezimtallıg'ı jag'ınan bay, o'zinin' pikirin erkin ayta alatug'ın, bilimli, miynet su'ygish etip ta'rbiyalawda xalıq o'nermentshiligi a'hmiyetli orındı tutadı. Xalıq o'nermentshiligi pa'ninin' ja'ne bir o'zine ılayıqlı o'zgeshelikleri sonnan ibarat, bunday sabaqlarda talabalarg'a ko'rkem bilimlerden basqa ja'ne miynet ko'nlikpesin rawajlandıradı, olarda zeyinlilik, ko'z aldın'a keltiriw, eslew, shamalaw obrazlı oyına keltiriw usag'an sıpatları da o'sip jetilisedi. Olardın' ko'rkem-estetikalıq sezimtallıg'ı do'retiwshilik, iskerlik uqıplılıg'ı rawajlanıp baradı.

Ha'r qanday oqıw barısı sıyaqlı xalıq o'nermentshiligi shınıg'ıwlarının' tiykarında da talabalardı joqarı ideyalıq ruwxta ta'rbiyalaw, olarg'a o'nerdegi xalıqshıllıqtın' rolin tu'sindiriw jatadı. Bul wazıypalar xalıq o'nermentshiligi pa'ninin' shınıg'ıwlarının' ha'r bir tu'rinde a'melge asırıladı.

G.V. Belinskiy o'zinin bir so'zinde: «Balalarg'a ulıwma tu'sinikti adamgershilik jo'nindegi tu'sinikti, jer ju'zlik tu'sinikti ko'birek berin', biraq olardı usılar menen

tuwılıp o`sken u`lkenin` milliy qubılısları arqalı ko`birek tanıstırıwg`a ha`reket etin`» degen edi.

Ne ushın oqıwshılardı qaraqalpaq xalqının` bay ma`deniyatı menen tanıstırıw kerek? O`ytkeni onın` obrazı turmıs ta`rtibi, tuwılıp o`sken ta`biyatı, xalıqtın` u`rip-a`detleri menen tıg`ız baylanıslı boladı. Eger bala o`zin, tuwg`an-tuwısqanların, jaqın-juwıqların, o`z ma`deniyatın, tanıy baslasa, onda bul qa`siyeti og`an basqa xalıqlardın` ma`deniyatın da teren`nen biliwge, uqsaslıg`ın ha`m ayırmashılıg`ın ko`riwge, xalıqlar ma`deniyatının` o`z-ara bayıw barısının` qalay o`tetug`ının, bir xalıq ma`deniyatının` ekinshi xalıq ma`deniyatına qalay ta`sir jasaytug`ının, bunın` sebebinin` nede ekenligin teren`irek tu`siniwge ja`rdem beredi.

Qaraqalpaq nag`ıs elementleri anag`urlım a`piwayılıg`ı menen ajıralıp turadı, olar en` sulıw nag`ıslar do`retiw ushın sa`ykes keltirilip paydalanıladı. Atap aytqanda, bul oqıwshılardı olardın` kishi balalıq shag`ınan baslap qaraqalpaq xalqının` nag`ısları menen tanıstıra baslawg`a mu`mkinshilik beredi. Sonın' menen birge balalarda ha`r qıylı materiallardı tan`lap alıwda ha`m nag`ıs elementlerin tu`rlishe kompozitsiyalardı oylaw jolı menen jan`a kompozitsiyalardı jaratıwda, olardı o`z betinshe isley alıwda fantaziyalardı, do`retiwshilik qıyallardı rawajlandırıw ushın qolaylı jag`daylar jaratadı.

Qa`de boyınsha pedagoglardın` ko`pshilik topari o`zlerinin` gu`llan jumısların balalarda bilim dereklerin toplawg`a ha`m tu`siniklerdi ken`eytiwge bag`darlaydı, olar muzeylerdegi eksponatlardı kitaplardag`ı ha`m al`bomlardag`ı su`wretlerdi ko`rsetiw menen, imaratlardı, turmıs buyımların bezew menen, balalardı turmıstag`ı a`jayıp qubılıslardı ko`re biliwge, olarg`a tu`siniwdi ha`m bahalay biliwge u`yretiw menen g`ana sheklenbeydi.

İnsanlardı miynetke ha`m jasawg`a ruwxlandırıwı, olardın` ishki du`nyasın bayıtıwı kerek.

İnsannın` ma`nawiyatı barlıq waqıtta o`ner jemislerine za`ru`rlik sezedi. Solay eken, o`nersiz jasap bolmaydı. Nag`ısshılıq o`neri xalıq a`meliy o`nerinde tiykarg`ı orındı iyeleydi. A`meliy o`nerdin` basqa tu`rleri sıyaqlı ko`rkem nag`ısshılıq ha`m ag`ash oymashılıq shınıg`ıwları da talabalardın` estetikalıq ha`m ko`rkem sezimin ta`rbiyalaydı, olardın` keleshekte ku`ndelikli ha`m o'ndiris tarawlarındag`ı miynet iskerliklerin asıradı. Ol ha`r tu`rli do`retiwshilik sheshimlerde qatnasıp ko`rkem



shıg`armalar jaratıwda tiykar bolıp esaplanadı. Ko`rkem sezimi o`sken, do`retiwshilik qa`biletke ha`m texnikalıq bilimlerge iye bolg`an insan bul sıpatlarg`a iye bolmag`an adamlarg`a qarag`anda o`zgeshelenip turadı.

***Nag`ısshılıq o`nerin u`yretiwde bir qatar wazıypalar ju'klenedi:***

- talabalardın` ko`rkem do`retiwshilik qa`biletleri ha`m ko`rkem sezimtallıgın asırıw;
- nag`ısshılıq ha`m ag`ash oymashılıg`ı tuwralı talabalardın` bilimlerin ken`eytiw;
- qaraqalpaq xalıq a`meliy o`nerinin` milliy ko`rkem da`stu`rleri menen tanıstırıw;
- talabalarda xalıq a`meliy o`nerine mehirin oyatıw;
- talabalardın` minez-qulqı, miynet, estetikalıq ta`rbiyasın qa`liplestiriw;
- qaraqalpaq ha`m o`zbek xalıq a`meliy o`nerinin` belgili xalıq ustaları menen tanıstırıw.

Bul qollanba tek xalıq a`meliy o`neri tarawında nag`ısshılıq ha`m ag`ash oymashılıg`ı o`neri shınıg`ıwların oqıtıw metodikasın u`yren`iwde paydalı bolıp g`ana qalmastan, al talabalardın` pedagogiykalıq a`meliyatında da u'lken a'hmiyetke iye. Oqıwshılar bul qollanbadan paydalanıwında, o`zleri jasap atırg`an awıl, rayon, qalalardın` jergilikli materiallarına, jergilikli a`meliy o`ner ustalarının` milliy ko`rkem da`stu`rlerine tayanıp is tutsa shınıg`ıwlar belgili bir na`tiyje beredi dep esaplaymız. Nag`ısshılıq ha`m ag`ash oymashılıg`ı shınıg`ıwları talabalardın' fantaziyasın rawajlandıradı, ko`rkem o'ner sezimin tu`rlendiredi, olardın` do`retiwshilik qa`biletlerin erte iyelewge ja`rdem beredi. Nag`ıs ushın ha'r tu'rli buyımları tayarlawda qatnasıw oqıwshıg`a teren`, unamlı ta`sir ko`rsetedi. Miynet barında talabalar formalar jasawdın` nızamlılıqların, detallardın` go`zzallıg`ın, material ha`m ren`lerdin` o' ornında islete biliw imkaniyatlarına iye boladı.

# QARAQALPAQ NAG`ISShILIQ O`NERİNİN` RAWAJLANIWI

*«Eger kimde-kim su`wrettegi ha`r bir sızıqqa jan bag`ıshlay alar eken, ol o`ner giltin iyelegen boladı».*

*(Shıg`ısqa belgili ullı nag`ısshı Maoniy)*

***Jobası:***

**1. Nag`ısshılıq o`nerinin` rawajlanıw tariyxı.**

**2. Xalıq a`meliy o`nerin izertlegen alımlar.**

Negizinde xalıq a`meliy o`neri a`yyemgi zamannan berli xalıq tutınıp kiyatırg`an milliy buyımlar menen zatlarg`a qıya, iyrek, tolqın ta`rizli sızıqshalar ha`m shen`ber yarım shen`bersheler salıp oyıp islengen a`piwayı bezewden baslanıp, ha`zirgi da`wirdegi a`tirapımızdı qorshag`an ta`biyat qubılısın ag`ashqa, su`yekke, keramika, ren`li metallar ha`m gezlemege su`wretlenetug`ın syujetli nag`ıslar menen bezewge shekemgi joqarı rawajlang`an ko`rkem o`ner tu`rine kelip jetti. Tariyxıy jazba estelikler menen arxeologiyalıq dereklerge qarag`anda, Qaraqalpaqstan jerinde xalıq a`meliy o`neri bunnan eki yarım mın` jıl burın, ha`r bir da`wirde o`zine ta'n o`shpes iz qaldırıp, bir neshe taypalardın` do`retiwshiligii qamtıp alıw menen qa`liplesip ullı ma`deniy miyrasqa aynalg`an.

Bezew ha`m xalıq a`meliy qol o`neri adamlardın` miynet etiw protsesinde qa`liplesip olardın` ku`ndelikli turmısı ha`m ha`r qıylı turmıs za`ru'rlikleri menen tıg`ız baylanıslı rawajlang`an. En` da`slepki qol o`nerinin` do`retpeleri tas da`wirinde ushırasadı. Xalıq a`meliy bezew qol o`neri o`zinin` haqıyqıy go`zzallıg`ı ha`m ko`rkem milliy da`stu`rligi menen ajıralıp turadı. A`yyemnen kiyatırg`an keyin ala da`stu`rge aynalg`an zatlar nag`ıs, su`wret, boyaw tu`rlerin islep shıg`ıw orınlaw usılları ha`m jolları bolıp, bular a`wladtan-a'wladqa o`tip kelgen.

A`yyemgi zamanlarda jazıw sızıw bolmag`an da'wirde, adam o`z oyın tasqa, su`yekke, ag`ashqa oyıp qashap tu`sirip kelgen. Ha`zirgi «su`yek oyıw», «ag`ash oymashılıg`ı o`neri» degen so`zler sol a`yyemgi zamanlardan qa`liplesken ug`ımlar esaplanadı. Bunnan biz qaraqalpaq xalqının` nag`ısshılıq bezew o`neri de usı waqıtları baslang`anın ko`remiz. Keyinirek kiyiz basıw, o`rmek toqıw, kesteshilik ha`m t. b. o`nerler payda bola baslag`an.

A`yyemgi da'wirlerde ag`ashqa, tasqa, su`yekke tu`sirilgen oyıw tan`balar (ierolifler) keyin ala kiyizge, ushıg`ag`a, bo`zge ha`m t. b. zatlarg`a salınatug`ın bolg`an.



Biz bunnan oyıw-bezew belgi tan`baları o`mir turmıs sha`riyatınan u`rp-a`det, salt-da`stu`r ta`sirinen payda bolg`anın ko`remiz.

Xalıq a`meliy o`neri ha`r bir xalıqta bar bolıp, olar buyımlardı tayarlawda qollanılatug`ın materialı, forması, du`zilisi, ren`i, bezewi menen bir-birinen parıqlanadı. Sonday-aq, mın` jıllar dawamında xalıq ustaları do`retiwshiliginde qollanıp kiyatırg`an ko`rkem da`stu`rler ko`birek ha`r bir xalıqtın` jasap atırg`an ortalıg`ı, ta`biyatı, shug`ıllanatug`ın jumısına baylanıslı boladı.

Qaraqalpaq xalqının` bir neshe a`sirler dawamındag`ı uzaq tarıyıxına ko`z taslasaq, el ishinde, qolı gu`l, on barmag`ınan bal tamg`an o`nerment bolg`anın ko`remiz. Olar do`retken o`ner shıg`armaları uzaq waqıtlar o`tiwine qaramastan, o`shpesten ha`m joytılmay, bu`gingi ku`n kelip jetken.

O`tmishte, ata babalarımız do`retken u`y-u`skene buyımları kiyim-kenshekler, qara u`ydin` a`njamları sa`nli etip nag`ıslar menen bezelgeni ha`zirgi ku`nge deyin o`zlerinin` ko`rkemligi menen sulıwlıg`ın joytpag`an. Joqarı ko'rkem sezim menen teren` mazmunlı islengen nag`ıslar ko'rgen adamdı hayran qaldırıp, ata-babalarımız o`tmish tarıyxın, u`rp-a`detin, salt-da`stu`rinin' bay miyrasqa iye ekenligin ko`rsetedi.

Nag`ıslardagi geybir belgiler adamdı o`zine tartıw ushın yaki ko`z, tilden saqlaw ushın nag`ısqa aylang'an degen boljawlar bar. Ha`zirgi waqıtta xalıq bul nag`ıslardın` ko`rinisinin` mag`anasın yadtan shıg`arg`an. Tek erteklerde ha`m xalıq an`ızlarında geybir nag`ıslar tuwralı jazılıp qalıng`an. Mısalı: «Sıyqırlı taraq» erteginde taraq nag`ıstın` qaraqalpaq xalqı arasında duwalaw mag`anası berilgeni aytılg`an.

Orta Aziya xalıqlarının` nag`ıslarının` ko`rinisinin` mag`anasın ashıp beriwde du`n`ya alımları shug`ıllanbaqta. Venger alımı Al`mashı ha`m nemets alımı Karun «qoy mu`yizi» nag`ısının` mag`anasın, qoy mu`yizine uqsaslıg`ı bolganlıqtan usı mag`anasın bildiredi degen. Al Rossiya alımı Shkayder «qoy mu`yizi» nag`ısının` mag`anası «o`mir tiregi» ekenin, orta a`sirde İrannan shıqqanın aytqan.

Qırg`ız nag`ıslarının` mag`anasında haywanat du`n`yası, o`simlikler ha`m ta'biyattag`ı ko`rinisler bekkemlengen bolsa, xudojnik Rudin menen tariyxshı Berishtami toqıwshının` o`zinin` xojalıg`ında bolatug`ın ku`ndelikli jumıslardı nag`ıslar menen ko`rsetip o`tken.

*Nag`ıs* arabsha so`z bolıp, *«su`wret, gu`l»* degen mag`ananı an`latadı. Qus, haywanat, ja`nlikler, o`simlik, u`y, ruwzıger buyımları, geometriyalıq ha`m t.b.elementlerdi stilizatsiyalap ko`rsetip, ma`lim ta`kirarlanıwınan payda bolg`an bezew.

Qaraqalpaq xalıq a`meliy o`neri nag`ıslarag`a ju`da` bay bolıp, onın` turmısındag`ı sandıq, sabayaq, at erleri, ergenek, u`sti bas kiyimler, saz a`sbapları, u`y-ruwzıger buyımlarına salıng`an nag`ıslar adamdı eriksiz o'zine tartadi ha`m ko`rkem, estetikalıq zawıq bag`ıshlaydı. A`lbette, bul tartımlı sulıw nag`ıslar usınday tayar halında birden ju`zege kelgen emes, olar uzaq jıllar dawamında rawajlanıp kelgen. Solay etip, jan`a nag`ıs elementlerin on barmag`ı o`nerli, sheber a`jayıp kesteshiler, ag`ash ustaları, zergerler, mıskerler, gu`lalshılar, toqıwshılar ta`repinen jaratıp kelingen.

Qaraqalpaq xalıq a`meliy o`neri buyımları o`zinin` estetikalıq sulıwlıg`ı, ko`rkemligi, milliy o`zgesheligi menen basqa xalıqlardın` a`meliy o`neri buyımlarınan ajıralıp turadı.

Qaraqalpaq nag`ısı o`zinde da`slepki tiykarlardı saqlap qalg`an qımbatlı tariyxıy miyras sıpatında onı jaratqan xalıqtın` etnikalıq tariyxı ha`m etnogenezin u`yreniwde biybaha tiykarg`ı derek bola aladı. Sonın` ushın da onı su`wretlewdi *«fol`klor»* dep ataydı. Bezew nag`ıslardın` sha`rtli tili o`mirdi, ir pu'tin halında barlıq ren`be-ren`ligi menen ulıwmalastırılg`an formalardı oydan jan`landırıw imkanın beredi. Nag`ıs a`lemnin` ko`rkem modelin su'wretlewdin' en` a`yyemgi usılı da bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq ko`rkem o`nerinin` belgili izertlewshisı Ag`ınbay Allamuratov qaraqalpaqlardın` ag`ashqa nag`ıs oyıw o`neri haqqında: «nag`ıstı oyıw ushın eki ju`zli pıshaqtın` ushı, qırg`ı, qashaw ha`m oyma nishter qollanılg`an. Nag`ıslang`an buyımlar ko`birek aq taldan islengen. Sebebi ol jumsaq ha`m jen`il, oyıwg`a ha`m alıp ju`riwge qolaylı bolg`an. Bulardan basqa qara tal, tut, jiyde, erikler de qollanılg`an. Lekin olardı nag`ısqa tayarlawdın` ha`r qıylı jolları bar. Bular ko`mip qoyıw, qaynatıw ha`m keptiriw usılında iske asırıladı. Agash taxtanın` beti nag`ıs oyılmastan burın josa menen yaki jılqı, qara maldın` bawırı menen ısılg`an. Sonda ol qon`ır ren`ge do`nedi. Bunday tu`r son`ınan aq ren`ler menen u`ylesip, nag`ıstın` shırayın ashıp ko`rsetedi. ***Josa*** - qızıl ren`degi topıraq bolıp, ol Qırantaw ha`m Sultan Wa`yis tawınan alıng`an» dep jazadı. Nag`ıs u`lgisi bir tekli bolmag`an. Bul izleniwshilikler geyde sa`tli, geyde sa`tsiz bolıp ta shıqqan. Solay bolsa da u`lgi u`lken orındı iyelegen. Sha`kirtler ullı ustalardın` pa`tiyası



menen qosıp u`lgisinde soraytug`ın bolg`an. Olar o`zlerine jan`a u`lgi tapqan jag`dayda da ustazlarınan ruxsat sorag`an, sonın` ushın da ustalardın` u`lgileri, basqalardın` «Su`yew jolı», «Eshan jolı» dep aytılg`anınday, olardın` talantlıg`ın da bildirse kerek. Sebebi u`lginin` o`zi de qonımlı nag`ıs, oylap tabıw menen baylanıslı. Eger de sha`kirtleri ustaz u`lgilerin anıq nag`ısqa tu`sire almasa, olarg`a onday nag`ıslardı oyıw qadag`an etilgen. Biraq, tilekke qarsı, bizde nag`ıs u`lgileri oylap tapqan o'nermentler izertlenbey qalg`an. Su`yekten nag`ıs oyıw ushın negizinen qara maldın` qabırg`ası paydalanılg`an. Onı ortasınan jarıp ishindegi o`zegi alıp taslanadı. Jelimdi jaqsı tutıp turıw ushın, pıshqı menen betine sızıqlar sızılg`an. Onı ag`ashqa qatırıw ushın bekire balıqtın` porsıldag`ınan islengen jelim qollanıladı. Su`yektin` tu`sin o`zgertiw ushın onı tarıg`a qosıp qaynatıladı. Og`an nag`ıs oyıw pıshaqtın` yaki arnawlı nishterdin` ja`rdeminde islenedi. Duwtar nag`ısları bir qıylı boladı, dep da`liyllew qıyın. Sebebi ondag`ı nag`ıs onı soqqan ustanın` talg`am ha`m talantına baylanıslı. Duwtar ushın en` baslı maqset nag`ıs emes, al ses. Sonın` ushın da duwtardın' qaysı jerine su`yek, qaysı jerine ag`ash kerek ekenligin aldınnan kerek.

A. Allamuratov qaraqalpaq nag`ısların bir neshe bo`leklerge bo`lip qaraydı. Ma`selen, geometriyalıq nag`ıslar, atanaq (krest), to`rt mu`yeshlik, do`n`gelek, yarım do`n`gelek, ha`r tu`rli iyrek-iyrek sızıqlar, altı, segiz qırlı figuralar.

***Al, İ.V. Savitskiy qaraqalpaq nag`ısların eki tu`rge bo`lıp qarag`an:***

1. Eskiden kiyatırg`an ta'biyatqa ha`m o`simliklerge baylanıslı nag`ıslar. Bul Xiywa usılı menen tıg`ız baylanısqan.

2. Geometriyalıq fyguralar, haywanat ko`rinisleri menen baylanıslı nag`ıslar. Nag`ıstın` bul u`lgisinde milliy o'zine ta'nlik seziledi. Sonın` ushın da qaraqalpaq milliy nag`ıslarında zoomorfizm (qoshqar shaq, bo'ri ko`z, omırtqa, qus tili, iyt taban ha`m t.b) u`lgileri basım bolıp keledi.

Belgili etnograf T.A. Jdanko qaraqalpaqlarda 60 tan aslam milliy nag`ıslardın` bolg`anlıg`ın ayta kelip, olardın` 30 atamasın mısalg`a keltirip, 20 tu`rli nag`ıs jıynag`an.

A. Allamuratov 40 tan aslam nag`ıslardı mısalg`a keltirgen. Ol su'wretshilik o`nerinen a`dewir xabarı bolg`anı ushın da nag`ıslardın` du`zilisleri menen ren`lerine a`dewir a'hmiyet beredi. Basqa xalıqlardın` nag`ısları menen salıstırıp qarap, bul biybaha miyrastın` milliy o`zgesheliklerin anıqlag`an.

Qaraqalpaq nag`ıs o`nerinin` sheberlerinin` ko`pshiligi hayal-qızlardan bolg`an. Olar o`rmek toqıw, kiyiz basıw, keste tigiw menen ko`birek shug`ıllanatug`ın bolg`anlıqtan, u`lgilerden paydalanıw menen birgelikte o`zleri de ko`plegen nag`ıslardı oylap tapqan. Tu`rkmen, o`zbek, qazaq qol o`nerinin` nag`ısların biliw menen bir qatarda qaraqalpaq milliy nag`ıslarının` o`zgesheliklerin rawajlandırg`an. Bular: «qos mu`yiz», «toqalaq mu`yiz», «tay tuyaq», «iyt taban», «g`arg`a tırnaq», «g`az moyın», «g`awasha gu`l», «teris putaq», «taraq nag`ıs», «tu`yme bas» sıyaqlı nag`ıslarda, a`sirese «ko`ylek jag`a», «ba`shpent jag`a», «ba`shpenttin` qaltası», «ba`shpent o`neri», «shay qalta», «qorjın», «qarshın» nag`ıslarında anıq ko`rinedi.

Al, zergerlik o`nerinin` o`risi o`z aldına. Ol pu`tkil du`n`yanı tan` qaldıratug`ın da`rejede u`lken miyras qaldırg`an. Sonın` ushın da qaraqalpaq qol o`nerinin` tariyxta tutqan ornı girewli ekenligin aytıp o`tiw orınlı.

Qaraqalpaq nag`ıs elementleri xalıq a`meliy o`ner buyımlarına ko`rkemlik berip, onın` sulıwlıg`ın bahasın asırıwda qa`dir-qımbatqa iye bolıwda u`lken rol atqaradı. Xalıq a`meliy o`neri nag`ıslarsız o`zligin, bahasın jog`altadı.

Xalıq a`meliy bezew o`neri ka`sibi bul xalıq arasındag`ı ustalar, o`nermentshiler, su`wretshiler ushın u`lgi derek, xalıqtın` a`sirler dawamında toplag`an ko`rkem ta`jiriybesinin` g`a`ziynesi bolıp esaplanadı. Al a`hmiyetlisi adamlar haqqındag`ı sheksiz jaqsılıq ha`m g`amqorlıqtın` mısalı. Xalıq jaratqan o`ner bu`gingi ku`nde de o`zinin` ko`rkemligin qa`dir-qımbatın, bahasın jog`altpag`an u`lken milliy baylıq bolıp tabıladı.

Ma`deniyattın` ajıralmas bo`legi bolg`an xalıq bezew ha`m a`meliy qol o`neri ko`rkem sulıwlıqtın` tikleniwine jedel ta`sir etpekte, o`ner estetikalıq talg`amdı ha`m ta`sirli usıllardı bayıtadı.

Qaraqalpaq ko`rkem o`nerinin` bir qatar o`zgesheligine qaramastan bul ko`rkem-o`nerde qon`sı ha`m ha`tte uzaq jerlerde jasaytug`ın xalıqlardın` o`nerinin` ulıwma belgileri bar ekenligin ko`riwge boladı. Bul do`retiwshilik birge jasaw, bir xalıq ma`denyatın ekinshi xalıq ma`denyatı o`zine sin`dirip jibergenligin an`latpaydı. Al bezewlerdin` nag`ıs salıw motivlerin yamasa isleniw a`disin o`z da`stu`rine ılayıqlastırıp so`zsiz qayta islew mu`mkin bolg`anınsha bir birewden o`rnek alıw jolı menen ten`dey rawajlanıp kelgen. Bul bizge qaraqalpaq xalqının` basqa xalıqlar menen qarım-qatnastın` a`zelden bar ekenligin da`liylleydi.



## NAG`IS ELEMENTLERİNİN` SU`WRETLENİWİ

*Jobası:*

**1. Qaraqalpaq nag`ıs elementlerinin` basqa xalıq nag`ısları menen uqsaslıgı ha'm ayırmashılıg`ı.**

**2. Nag`ıs elementlerinin' buyımlarda su`wretleniwi.**

**3. Nag`ıs toqıw, bezewdin' tu`rleri.**

Qaraqalpaq nag`ısshılıq o`neri o`nermentshilik, keste tigiw o`neri menen baylanıslı, bular xalıqtın` ko`rkem o`nerge bolg`an intasın arttırıp, estetikalıq ta`rbiyasın bayıtadı, ha`mme zat adamnın` psixologiyalıq oylawı na`tiyjesinde islenedi.

Adamnın` sheberligi menen islengen o`nerli isleri adamzat ja`miyetinde umıtılmas iz qaldıradı, adamg`a materiallıq ha`m ma`deniy zawıq beredi. Bul ko`rkem o'ner shıg`armada da o`z sa`wleleniwin tabadı.

Nag`ıs xalıqtın` milliy o`zgesheligin ko`rsetedi, nag`ıstı ha`r tu`rli formada islewge boladı. Nag`ıs ushın en` da`slep u`sh mu`yeshlik, do`n`gelek, romb ha`m t.b. formada sızıladı. Nag`ıs tiykarınan ta`biyat ko`rinisleri boyınsha salıng`an jaqsı, o`ytkeni ta`biyat a`jayıp ko`rinislerdi adam ushın sawg`a etedi. Adam ta`biyat ko`rinisleri tiykarında ren`ler, sulıwlıq ha`m t.b. haqqında bay tu`sinikke iye boladı.

Adam ta`biyat ko`rinislerin ertektegidey salıwg`a, onın` go`zzallıg`ın nag`ıs retinde beriwge qızıqsınadı, ta`biyattın` barlıq sulıwlıqların u`yrenedi, onı o`z turmısında paydalanadı. Son` nag`ıs arqalı bere aladı.

Al Qaraqalpaqstannın` nag`ıs salıw o`neri respublikamızdın` ta`biyat ko`rinislerine tiykarlang`an. Bul arqalı xalqımızdın` tuwılg`an u`lkege su`yispenshiligi, ta`biyatına qızıg`ıwshılıg`ı artadı. Nag`ıs salıw o`neri tek ta`biyat ko`rinislerine tiykarlanbastan, xalıqtın` milliy da`stu`rleri menen ku`n ko`ris, turmıs sharayatına da tiykarlanadı.

Qaraqalpaq nag`ıs elementlerinin` basqa xalıq nag`ıslarına qarag`anda ayırmashılıg`ı, nag`ıs elementlerinde haywan, qus, o`simlik, ja`nliklerdin` ha`m u`y-u`skene buyımlardın' real su`wretleniwi emes, al ayırım bo`lekleri su`wretlenip ko`rsetiledi.

Qaraqalapaq xalıq nag`ısları o`zinin` ra`n`-ba`ren`ligi, ko`p tu`rliligi, kewilge qonımlılıg`ı, zawıq bag`ıshlawshı elementlerinin` u`ylesimliligi menen ajıralıp turadı. Nag`ıslarg`a ta`biyattın` o`zinin` tiykar etip alıng`anlıg`ı onın` qunlı ta`repi. Nag`ıslar

o`simliklerge, gu`llerge, haywanlarg`a, quslarg`a, ja`nliklerge. olardın` mu`shelerine, ha`r qıylı ta`biyattag`ı zatlarg`a qarap tan`lap alınadı. Nag`ıslarda usı na`rselerge uqsaslıq belgileri sezilip turadı.

Qaraqalpaqstan nag`ıs salıw o`neri a`piwayı na`rseden baslanadı. O`ytkeni bunda a`piwayı bir zattı salıw jobalastırıladı. Sol a`piwayı na`rse arqalı ko`rkem nag`ıs salıw o`neri ulıwmalıqqa o`tedi. Bul na`rse nag`ıs salıwshının` do`retiwshiligine baylanıslı. Saz nag`ıs salıwg`a fantaziyalıq oylar tiykarg`a alınadı. Usınday a`piwayı nag`ıs salıwdı oqıwshı jaslar u`lgi alıw jolı menen u`yrenedi.

Na`zer salıp qarag`anımızda, ha`r qanday nag`ıstın` tuwrı ha`m iymek-iyrek, ushları shıyratpaqlang`an (spiral yamasa sınıq) sızıqlar, dog`alar, tuwrı to`rt mu`yeshlik, tuwrı mu`yeshlik, u`sh mu`yeshlik, ten` qaptallı-eki ta`repi ten`, ta`repli-u`sh ta`repi ten`, kvadrat, romb ha`m t.b. sıyaqlı a`piwayı elementlerdin` qospalı birlespesinen ibarat ekenligin bilemiz. Sonlıqtan da`slep nag`ıstın` usı elementlerinin` qaysılarınan turatug`ınlıg`ın anıqlap alıp, son`ınan olardın` nag`ıs quramında o`z-ara u`ylesip tu`yinlesetug`ınlıg`ına itibar beriwimiz kerek.

Ta`biyattın` o`zi ten` salmaqlılıqta bolıwdı qa`leydi, usı qa`siyet nag`ıslarg`a da o`tken. Bunı basqasha aytatug`ın bolsaq, nag`ıs elementlerinin` onın` quramında simmetriyalı bolıp jaylasatug`ınlıg`ın an`latadı. Bul tiykarg`ı nag`ıs u`lgisin onın` tik yamasa ko`ldenen` orta sızıg`ı (simmetriya ko`sheri) arqalı bu`klegenimizde, usı sızıq arqalı bo`lingen nag`ıstın` ha`r qıylı eki yarımının` bir-biri menen u`stpe-u`st tu`sip betlesetug`ının an`latadı.

Nag`ıslar ta`biyattag`ı zatlardın` nusqaları sıpatında tan`lap alınadı. Nag`ıslar gu`ller, ja`nlikler, haywanlarg`a, zatlarg`a baylanıslı ha`m geometriyalıq bolıp bo`linedi. Mısalı, g`awasha gu`l, qumırısqa bel, shayan quyrıq, qus tili, qoy tisi, shaqmaq, shılawısh, kelep ag`ash, ha`m basqa ko`plegen tu`rleri qollanılg`an. «Qoshqar mu`yiz» nag`ısı qaraqalpaq ag`ash oymashılıg`ının` en` ayırmashılıg`ınan biri bolıp tabıladı. Ag`ash buyımlarında nag`ıstın` geometriyalıq tu`ri ko`p qollanıladı. Bul oyma nag`ıstın` ken` tarqalg`an tu`ri bolıp, onda geometriyalıq figuralar u`sh, to`rt, bes, altı ha`m t.b. mu`yeshlikler, olardın` ha`r qıylı o`z-ara jaylasıwları, iyrek sızıqlar ja`rdeminde nag`ıslardın` quramalı u`lgileri keltirip shıg`arılg`an. Ustalar bulardın` arasında a`sirese do`n`gelektin` ishine ha`r qıylı ko`rinistegi nag`ıslardı oyıwdan ken` paydalang`an.



Olardan shubal nag`ıs, shaqmaq, espe, suw nag`ıs, ha`rdem qıyal ha`m t.b. ko`rsetip o`tiw mu`mkin. Xalıq a`meliy o`nerinin` kesteshilik tu`rinde o`zinin` sulıwlıg`ı menen ko`zge tu`setug`ın nag`ıs «qoralı gu`l» barlıq jerde taralg`an, bul qorshalg`an gu`l ma`nisin bildiredi. Gu`lli motiv ushları do`n`geleklengen ha`m do`n`gelek formag`a iye eki sızıq penen jiyeklenedi. Ayırım jag`daylarda sızıqlar vertikal ko`sherde tu`rleri biriktirilgen jip mu`yiz forması beriledi. Gu`lli motiv ortada mınaday variantlarg`a iye atanaq ta`rizli, juldızsha ta`rizli, gu`l japıraqlı «qoralı gu`l» ba`rinen ko`birek qızıl kiymeshekte qollanıladı. Qara suknog`a gu`l nag`ıslı lentalardı ritmli izbe-izlik penen qızıl, sarı, aq tu`rlerin tigiw ren`li ta`sirdi payda etedi. Qorshawshı sızıqlar ishindegi gu`l, a`dette, ren`i boyınsha ha`r qıylı. Sheberlerdin` gu`lli ren` menen ba`rqulla bezewge tırısıwı belgili. Jalg`ız gu`l su`wretlenbey, qora menen qorshalg`an bag` su`wretlengen. Japıraq nag`ıs motivi tereklerdin`, tog`aydın` su`wretinen ibarat. A`dette u`sh-to`rt tayan ba`rqulla shl ba`rqulla u`sh mu`yeshli tirepberdige ornatılg`anı su`wretlengen, bul tirepberdide turg`an arsha ag`ashı su`wretin eske tu`siredi.

Qaraqalpaqstannın` ko`p g`ana milliy kiyimleri nag`ıslar menen bezelip tigilgen. Bul na`rse Qaraqalpaqstanda nag`ıs salıw o`nerinin` anag`urlım joqarı ekenligin ko`rsetedi. Bunday nag`ıslar ko`binese ilimde, o`n`ir monshaqlarda, kiyimlerde ha`m ag`ashlarda bolg`an.

Ko`rkem nag`ıs salıw o`neri adamlardın` sulıwlıqqa bolg`an ha`wesin arttıradı. Ha`r qıylı zatlarg`a salıng`an nag`ıslar muzeylerde saqlanıp, xalqımızdın` turmısın ko`rsetiwde jaqsı baylıq bolıp esaplanadı. Xalıq o`zinin` ma`deniy miyrasların saqlap keldi. Bul miyraslar bu`gingi ku`ni jaslar ushın za`ru`rli ha`m qımbatlı material xızmetin atqarmaqta.

Qaraqalpaq nag`ıs salıw o`nerinin` o`zine ta`n o`zgeshelikleri bar. Ma`selen, nag`ıs salıwshı ha`r bir nag`ıstın` ko`lemin, onın` qaysı ren`ge sa`ykes keliwin, ko`rkemlik ta`repin aldın` ala anıqlaydı. Ayırım nag`ıslar mayda yaki ju`da` kishkene bolıp salınsa, ayırım nag`ıslar u`lken yamasa anıq tu`siwdi talap etedi. Nag`ıstın` go`zzal ko`riniwi onı salg`an adamg`a baylanıslı ha`r bir nag`ıs qaraqalpaq xalqının` turmısın, ma`deniyatın sa`wlelendiriwi kerek. Qaraqalpaq nag`ısları ko`binese kiyimlerde ko`ringen. Da`slep nag`ıslar quslardın` tuyag`ına megzes bolsa, ayırım nag`ıslar qoshqar mu`yizge uqsas

bolg'an. *Ornament* so'zi latın tilinen alıng'an bolıp, «sulıwlıqtı nag'ıs arg'alı bildiriw» degendi an'latadı.

Qaraqalpaq nag'ıs salıw o'neri a'piwayılılıg'ı ha'm shıraylılıg'ı menen basqa xalıqlardın' nag'ıslarınan o'zgeshelenip turadı.

Qaraqalpaqlardın' ju'da' ertedegi eskirgen bezewleri nag'ıs salıng'an, kestelerinde (ilme, iyrek sızıqlar, bawırsaq nag'ıslar) saqlang'an qara u'y da'skelerin quraytug'ın g'alı buyımlarda, keste tigiwde ha'm ag'ashqa nag'ıs oyıwlarda qollang'an. Bezewdin' keyingi elementlerine iyreklik, arsha ag'ashı su'wreti, basqıshlı tisler ha'm diagonal ha'm titqası boyınsha kesiletug'ın ilme nag'ıslar u'shmu'yeshlikler, kvadratlar tiyisli.

Qoshqardın' mu'yizinin' su'wreti qaraqalpaqlardın' ag'ashqa nag'ıs oyıw motivinin' tiykarg'ısı bolmag'an menen en' a'hmiyetlerinen bolıp tabıladı. Tiykarg'ı figura mu'yiz a'dette bir tuwrı baldaqtan shıg'atug'ın eki spiraldı o'z ishine qamtıydı. Qaraqalpaq xalqının' ko'rkem-o'nerinde mu'yiz ju'da' a'hmiyetli roldi atqaradı. Onı bezew elementi retinde tu'sindiriwdi ken' tu'rde alıp barıw kerek.

Mu'yiz bul mal sharwashılıg'ı o'ndirislik xızmetinin' simvolı ha'm bunnan da ken'irek obraz, tutas ma'niske iye tu'sinik. Bunın' menen ha'r qıylı waqıtta ko'plegen ko'z-qarasları da baylanısqan. Sonın' menen birge qoshqardın' stillengen mu'yiz figurasın tiykarg'ı ha'm baslı motiv sıpatında qollanıw qaraqalpaqlardın' bezewlerinin' tiykarında zoomorflı bolg'an degen oylawg'a alıp keledi.

Qaraqalpaq nag'ıslarına tsirkul ha'm sızg'ıshlardan paydalanıw za'ru'r bolmag'an, onda ayrıqsha du'zilis ha'm ritm bar. Qaraqalpaqlardın' ko'rkem-o'neri o'z ayırmashılıqlarına iye, ol eski ko'rkem-o'nerdin' ulıwma baylıqlarınan qaraqalpaq tek g'ana o'zlerinin' rawajlanıwına juwap beretug'ın ha'm onın' mazmunı arqalı o'zlerinin' turmısın tolıqtıratug'ınların g'ana tan'lap alg'an. Qaraqalpaq bezewleri anıq ko'rsetiletug'ın syujetlerdi bilmeydi, biraq onda o'z temaları bar. Olardan en' baslısı sho'listanlardın' ta'biyatı ha'm xalıq qıyalında erksiz qayta islengen miynet. Olar sa'ykes u'nleslik tiykarında jasalg'an belgilerde, simvollarda, figuralarda saqlang'an. Negizgi figuralar az, biraq tu'rlerdi tu'sindiriw variantlar ha'm figuralardı kompozitsiyalı orın almastırıwlar, sonın' menen birge ja'rdemshi elementlerdi ha'm ayırıp turıwshı bag'analardı kirgiziw arqalı qaraqalpaq nag'ısları bir obrazlılıqtan qutılg'an, onda pikir rawajlanadı ha'm umıtılg'an so'z jan'laydı.



Qaraqalpaq bezew ko'rkem-o'nerinin' en' bir baslı ko'rkemlik o'zgeshelikleri onın' ren'lik, sızıqlıq ha'm kompozitsiyalı ritmlerinde. Ertede miynet protsesi onın' ha'reketi menen baylanısqan ritmleri qaraqalpaq qosıqlarına ayrıqsha hawaz beredi. Olar bezewde basqa tu'rde qatnasadı.

Ritmnin' anıq an'latılg'an sezimi, motivlerdin' qaytalanıwına bolg'an muhabbat o'lshemli terminlerdin' a'ste-aqırınlıg'ı, simmetriya ha'm sabırlılıq bul xalıq ko'rkem-o'nerinin' ulıwma shegaraları, bunda janlı su'wretler menen tutasadı. Ol qaraqalpaqlardın' o'tmishin ko'riwge mu'mkinshilik beredi. Qaraqalpaq bezewinde qaytalanıw jiyi ushırasadı, biraq olar ko'riwshilerdi zeriktirmeydi.

Qaraqalpaqlarda ko'rkem-o'ner sheberliginin' ha'r bir tu'ri ushın tawar texnikası, metallarg'a islew beriw yamasa ag'ashlarg'a nag'ıs oyıp bezewdin' ju'da' jaqsı tu'rleri islep shıg'ılg'an. Degen menen bul formalardı an'latılg'an stil birligi tan' qalarlıq o'zgeshelikke iye. Qaraqalpaq xalıq ko'rkem-o'ner tu'rlerinin' biri ag'ashqa nag'ıs oyıw bolıp, ol xalıq bezew ko'rkem-o'neri sheberliginin' en' eski tu'rlerinin' biri. Bul qaraqalpaqlar turmısında ken' qollanılg'an: qara u'ydin' islengen buyımlarında, onın' onsha quramalı emes bo'leklerin bezep islewde de qollanılg'an. Oyıp bezew menen miynet qralların, quralllar ushın arnalg'an shkatulka ha'm yashiklerdin' betin, piskek, keli-kelsap, toqıw quralının' jaqlawı, ayırım jag'daylarda qamır jayatug'ın astaqtalardın' astı betlerin bezegen.

Geometriyalıq oyıp bezewler arbanın' jaqlawlarına, atlar ushın iyilgen qamıtlarg'a ha'm erlerge qollanılg'an. Ko'plegen oyıp nag'ıs salıng'an zatlar qara u'ylerde, olardı nag'ıslı buyımlar menen ko'rkeytiliwde saqlanbaqta. Nag'ıs salıng'an ag'ashlar qara u'ydin' buyımların ha'm onın' u'skenelerin quraydı. Ko'rkemlep nag'ıs salıw sheberligi ma'selesinin' quramalılıg'ı usınnan kelip shıg'adı. Ol ko'rkem-o'nerdin' barlıq tu'rin bir komplekske baylanıstırıwı za'ru'r. Ko'k ha'm altın sarı ren'ler menen tu'si o'zgertilgen qaraqalpaq gilemlerinin' qızg'ılt, gu'n'girt qızıl gamması, nag'ıslı alashalar ha'm onı qara u'ydin' to'besine qısıp baylaytug'ın ensiz jiyekler qızılg'a qara ha'm aq penen salıng'an su'wretler oyıp ha'm ren'lep nag'ıs salıng'an sandıqshalar ha'm ag'ashlar da o'zine tolıqtırıwlar tapqan. Qaraqalpaq hayal-qızlarının' kiyimlerindegi toqılg'an nag'ısları ren' gamması tan' qalarlıq da'rejede na'zik ha'm qara u'ydin' barlıq arxitekturalıq u'y buyımları menen bir pu'tinlikti payda etedi. Bezew elementleri,

olardın` variantları ha`m u`ylesiwlerinin` ju`da` ha`r qıylılıg`ı menen ayırılıp turadı. Bunın` ba`rinde qaraqalpaq xalqının` biyta'kırar muzıkalı shayırlıq qa`biletliligi sezilip turadı.

Qaraqalpaq qara u`yleri Orta Aziyalılardın` arasında milliylik ko`rinisi menen parıqlanıp turadı. Xalıq o`z turmıs sharayatında ha`m klimatı paydalanatug`ın materiallardın` o`zgesheliklerin esapqa alatug`ın qara u`y buyımlarının` tan` qalarlıq bay ha`m unamlı tu`rlerin do`retiwge eristi. Qara u`yde qurılıs ha`m u`y buyımlarının` texnikalıq ha`m ko`rkemlik jan`alıqları maqsetke muwapıq, qolaylı, shıraylı ornalastırılg`an, bular a`wladtan-a`wladqa o`tip otırg`an. Sonın` menen birge bunda ag`ashqa nag`ıs oyıwshılardın`, gilem toqıwshılardın` ha`m nag`ıs toqıwshılardın` sheberlikleri anıq sa`wlelengen. Qaraqalpaq nag`ısında bizdi quwandıratug`ın insan balalıg`ının` go`zzallıg`ı, yag`nıy qaytalanbaytug`ın, o`mirde birinshi adım atıwlar, biraq sonın` menen birge tariyxıy rawajlanıwlardın` uzaq ha`m quramalı jolın basıp o`tken, xalıq a`wladlarının` sanalı ta`jiriybeleri de ja`mlengen.

Qaraqalpaqlardın` ko`rkem-o`neri realizm jolında aytarlıqtay jetiskenliklerge eristi. Tabıs ko`p bolg`an sayın qaraqalpaq xalıq do`retpelerinin` bay miyraslarına qatnas ıqtıyarlı bolıwı kerek, xalıqtın` ko`p milletli barlıq ma`deniyatın o`siriw ha`m rawajlandırıw respublikamızda jasawshı basqa millettegi xalıqlar menen o`z-ara qatnasıqta u`yren`iw a`hmiyetli. A.Allamurovtın` «Qaraqalpaq xalıq kestesi» (No`kis: Qaraqalpaqstan baspası, 1977) kitabında qaraqalpaq xalqının` turmısı ju`da` ken` su`wretlengen. Bezewlerdin` qaytalanıwı, bay material, xalıq kiyimlerindegi qaraqalpaq nag`ısları sa`wlelengen su`wretlerdi tan`lawı, qaraqalpaq nag`ıslarının` bezewlerinin` a`lwan tu`rliligi aytılg`an. Bul jerde nag`ıs salıw sheberligi, texnika, ren`li ha`m kompozitsiyalı sheshimler tu`ri boyınsha bay, orınlaw usılları ren`li ha`m bezeliw du`zilislerinin` ha`r qıylılıg`ı aytılg`an. Kitap burında su`wretlew ko`rkem-o`nerine iye bolmag`an bir qatar tariyxıy jag`daylardın` na`tiyjesinde xalıqtın` estetikalıq, ko`rkem oylawdın` o`zine ta`nligin ko`rsetiwge mu`mkinshilik beredi. Sonın` menen birge nag`ıs toqıw ko`rkem-o`neri xalıqtın` etnikalıq tariyxıy ma`deniy, ekonomikalıq baylanısların u`yren`iwde bahalı material bolıp tabıladı.

Bezewde kiyimlerdin` pishimlerinin` motivlerinin`, nag`ıslap bezew zatların orınlawdın` texnikalıq usıllarının` uqsaslıqları ko`p sanlı. Qaraqalpaq nag`ıs toqıw



bezewlerin to`rt toparg`a bo`linetug`ınlıg`ı bizge belgili: Olar: o`simlik, zoomorflı, geometriyalıq, zatlardın` su`wretinen ibarat.

1. O`simlik bezew suknog`a nag`ıs toqıwda basım boladı: qızıl kiymeshek, jen`se, jen`ush, shayqaltada ha`m t.b. Al ju`da` stillengen o`simlik nag`ıs toqıwlarda ko`k ko`ylekte, aq jegdede, aq kiymeshekte aldında ushırasadı. Qaraqalpaq nag`ıs toqıwlarında o`simliktin` tolıq juwmaqlang`an su`wretleniwi jiyi jag`dayda bolmaydı, onın` ta`biyiy forması ko`binese sxemalastırılıp beriledi (japıraqları menen gu`l qamıs).

Ayırım jag`daylarda shaqanın` bezelip su`wretleniwi de gu`l atı menen taraladı. Gu`lli bezewlerdin` ha`r qıylı variantları ushırasadı. Bular erik gu`l, paxta gu`l, qa`reli gu`l ha`m basqa da bir qansha atlar menen ataladı. Qa`reli gu`l bezewi to`rt gu`l japırag`ı menen ashılg`an g`umshasının` birigiwinen quralg`an, ol nag`ıs toqıwda salıstırmalı ra`wishte siyrek ushırasadı. Qa`reli gu`l eki variantta ushırasadı. Onın` birewinde to`rt sozılg`an gu`l japıraq, ushı iyilgen eki qospag`a iye, bul ha`r bir gu`l japıraqqa g`umsha su`wretine jaqın formanı beredi.

Basqa variantlarında bası sterjen menen biriktirilgen kvadrattın` ta`replerinde gu`ldin` gu`l japırag`ı jaylasqan. Gu`ldin` ha`r bir gu`l japırag`ı g`umsha formasın yamasa liroobrazlı formanı iyeleydi. Shıraylı nag`ıs ***«qoralı gu`l»*** barlıq jerde taralg`an. Gu`lli motiv ushları do`n`geleklengen ha`m do`n`gelek formag`a iye eki sızıq penen jiyeklenedi (qorshalanadı). Ayırım jag`daylarda sızıqlar vertikal ko`sherde tu`rleri biriktirilgen jip mu`yiz forması beriledi. Gu`lli motiv ortada mınaday variantlarg`a iye atanaq ta`rizli, juldızsha ta`rizli, gu`l japıraqlı «qoralı gu`l» ba`rinen ko`birek qızıl kiymeshekte qollanıladı. Qara suknog`a gu`l nag`ıslı lentalardı ritmli izbe-izlik penen qızıl, sarı, aq tu`rlerin tigiw ren`li ta`sirdi payda etedi. Qorshawshı sızıqlar ha`m ishindegi gu`l a`dette ren`i boyınsha ha`r qıylı. Sheberlerdin` gu`lli ren` menen ayırıwg`a tırısıwı ba`rqulla belgili. Jalg`ız gu`l su`wretlenbey, qora menen qorshalg`an bag` su`wretlengen. Al japıraq nag`ıs motivi tereklerdin` tog`aydın` su`wreti bolıp tabıladı.

U`shmu`yeshlik ayaqları menen «sırg`a nag`ıs» yamasa «taraq» tigiste toqıwda ushırasadı. Qara u`ydi bezew ushın qaraqalpaq alashasında aqbasqurda «taraq» tek u`sh «tayaqsha»nı salıp da`rwaza dep atalıwshı, kvadratlardan u`lken geometriyalıq kompozitsiyanın` basın ha`m aqırın bezeydi. «Taraq nag`ıs» tigisinde tallıq, terekler o`sip shıg`adı, bunı sha`rtli tu`rde tog`ay su`wreti retinde qollanadı. «Qoralı gu`l»,

«ashılg`an gu`l», «qa`reli gu`l», «tu`ye taban» sıyaqlı ayırım o`simlik bezewler barlıq jerde taralg`an, paqal ha`m qamıs japıraqların eske tu`siretug`ın bezewler Qaraqalpaqstannın` arqadag`ı ten`iz jag`alawındag`ı rayonlarının` tigislerinde ushırasadı. O`simlik bezewlerdin` ayırım atamaları adamnın` ta`biyatqa bolg`an ku`shli sezimli estetikalıq qatnasların aqlatadı. Ashılg`an gu`ldin` ayırım jag`dayda ***«gu`l ashıldı»*** dep ataydı, bul gu`lley basladı, gu`l ashıldı (tap toqıwshının` ko`z aldın`da bolg`anday) degendi bildiredi. Ko`pshilik o`simlik bezewler u`shmu`yeshli tu`bine o`sip shıqqanday suknog`a nag`ıs toqılg`anda bul tu`pler «qoy tisi» yamasa «tu`ye bas» (zergerlik bezew tu`ymesinin` bası) dep atalatug`ın nag`ıslar menen tu`sindiriledi. «Tu`ye taban» zoomorflıq atı tu`ye tabanı emes, al usı atamadag`ı o`simliktin` atı menen baylanıslı.

Bul bezewdin` ekinshi ataması ***«o`giz sıyraq»*** siyrek ushırasadı. Bul bezewler tek toqıwda g`ana qollanıp, qaraqalpaq ko`rkem-o`nerinin` basqa tu`rlerinde olar ushıraspaydı. «Shırısh piskekshe» (atanaq tigisli may gu`bi kelbeti) bezewi sxemalastırg`an o`simlik tiykarg`a iye. Sterjende eki qabatlı jip u`shmu`yeshlik ha`m to`besinde tuwrı mu`yeshlik bul o`simliktin` japırag`ı ha`m basqa (g`umshası). Ayırım atanaq ta`rizli etip salıng`an nag`ıslardın` elementleri o`simlik shıg`ısına iye. Orta qara qızıl kiymeshekte g`ana qollanılatug`ın o`zine ta`n nag`ıslar eki sterjen ta`repleri boyınsha (gorizontal yamasa vertikal) qatlamg`a simmetriyalı az g`ana iyilgen sızıq jaylasadı: atanaq ta`rizli nag`ıslardın` basqa bir jup sterjennin` kiyizi u`stinde sopaq baslar boladı. Solay etip, sheberler bir ıdısta aynalı qaytalang`an paqal ha`m g`umsha su`wretine iye boladı. Solay etip qaraqlpaq nag`ısındag`ı o`simlik bezewler bay ha`m ha`r tu`rli, al qaraqalpaq ko`rkem-o`nerinin` basqa tu`rlerinin` o`simlik nag`ıslarınan su`wretleri boyınsha da, tu`sindiriw sıpatlaması boyınsha da ajıralıp turadı.

***ESTE SAQLAN`!***

**Nag`ıstag`ı belgiler, ren`ler ha`r tu`rli jag`daydı an`latqan, ma`selen, ko`k ren` - aspan ma`nisin: aq ren` - baxıt ma`nisin, sarı ren` - bilim, zeyin ma`nisin; qızıl ren` - ku`n, ot ma`nilerin, jasıl ren` - jaslıq ma`nisin, qara ren` - jer ma`nislerin bildiredi.**



## BUYIM UShIN NAGIS KOMPOZİTsİYaSIN SIZIW

***Jobası:***

**1. Kompozitsiya du`ziw usılları.**

**2. U`lgi tayarlaw.**

Nag`ıs kompozitsiyasın du`ziwden aldın, islenilgen buyımnın` o`lshemin anıq o`lshep alıw, buyımdı sıpatlı ja`ne de shıraylı shıg`ıwında u`lken a`hmiyetke iye. Buyım o`lshemin alıwda ha`r tu`rli a`spablardan paydalanıladı. Mısalı, ha`r tu`rli mu`yeshli ha`m tuwrı sızg`ıshlar, reyshina, transportir, reysfeder, tsirkul` ha`m bir qatar a`spablar kerek boladı.

Buyım o`lshemi anıq o`lshep alıng`annan son`, buyım ushın qanday nag`ıs kompozitsiyası du`zilse buyım ja`ne de ko`rkemirek, go`zzal ha`m shıraylı shıg`ıwın ko`z aldımızg`a keltirgen halda pikir ju`ritiwimiz lazım. Bunda kompozitsiya du`ziwshinin` du`nya qarası, pikirlew shen`berinin` ken`ligin, en` a`hmiyetlisi onın` na`zik ta`biyatlıg`ı ha`m sezimtallıg`ının` joqarı da`rejede ekenligine baylanıslı. Demek, bir toqtamg`a kelgennen keyin qıtay (kal'ka) qag`azına nag`ıs kompozitsiyası sızıladı.

Kompozitsiya du`ziwden aldın bir na`rsege anıqlıq kiritip alıw maqsetke muwapıq, yag`nıy buyımnın` qanday materialdan tayarlang`anlıg`ı itabarg`a alınıw kerek. Jumsaq material alıng`an bolsa u`lkenirek, qattı materialdan alıng`an bolsa maydalaw, quramalıraq nag`ıs tu`rlerinen paydalanıwımız mu`mkin.

Nag`ısshı usta sızatug`ın nag`ıs kompozitsiyaları tek g`ana qag`az betin toltırıw yamasa oyma ju`zin oyıw ushın g`ana emes, ba`lki ta`biyat ha`m ko`rkemlik nızam qag`ıydalarına a`mel qılg`an halda nag`ıs kompozitsiyasiyasın sızıw tu`siniledi. Usı ta`repten alıp qarag`anda, oymakesh ustanın` do`retiwshilik barısındag`ı en` qıyın ha`m juwapkerli basqıshı nag`ıs kompozitsiyası nusqasın sızıwdan ibarat. Eger nag`ıs kompozitsiyası ta`biyat nızamlarına qarsı halda du`ziletug`ın bolsa, onda oyıwda da, pardoz beriwde de ha`r qanday jaqsı na`tiyjege erisilnyтвy de do`retpe jumıs kewildegidey go`zzal ha`m shıraylı shıqpaydı.

Kompozitsiya degenimiz ne?

***Kompozitsiya*** - latınsha so`zden alıng`an bolıp, *«oylap tabıw, bir-birine qarata belgili bir ta`rtipte jaylastırıw, qurastırıw, salıstırıw»* degen mag`ananı an`latadı.

Kompozitsiya islewde ritm, simmetriya, assimmetriya, kompanovka, ta'kirarlanıw, oray tabıw, bezewdin' dinamikalılıg'ı, ta'biyiyligi, sulıwlıg'ı ha'm pardozlardın' bir-birine sa'ykesligi uqsag'an komponentlerdi o'z ishine aladı.

***Kompanovka, yag'nıy jaylastırıw*** - sızıw kerek bolg'an nag'ıs kompozitsiyasın yamasa su'wretti qag'az, oyma ushın tayarlang'an taxtasha, buyum yamasa belgili bir ju'zege tuwrı jaylastırıw dep aytıladı.

***Simmetriya*** - «grekche so'zden alıng'an bolıp, o'lshewlerdin' bir-birine mu'na'sipligi» degen mag'ananı bildiredi.

***Assimmetriya*** - kompozitsiyada simmetriya nızam-qag'ıydalardın' ten' salmaqlıg'ının' bolıwı.

***Ritm*** - nag'ıs kompozitsiyasının' belgili bir bo'limi qanday da bir aralıqta barlıq waqqıtta bir tegislikte ta'kirarlanıp keliwi bolıp, nag'ıstag'ı xarakterdin' u'zliksiz ha'm go'zzal ko'rinisin ta'miyinleydi.

***Stilizatsiya*** - ta'biyattag'ı o'simlik, haywanatlar, quslar, ja'nlikler ha'm basqalardın' su'wreti, ren'i, forması ha'm du'zilisin ko'rkem usılda ulıwmalastırıw.

Buyımnan alıng'an o'lshemge sa'ykeslep nag'ıs kompozitsiyalarınan bir neshesin sızıp shıg'ıw usınıladı. Sızılg'an nag'ıs kompozitsiyalarınan en' sa'ykesi tan'lap alınıp, shetinen ramka qaldırıw za'ru'r. Ramkasız nag'ıstı bezelmegen u'yge uqsatıw mu'mkin.

Du'zilgen nag'ıs kompozitsiyasın kal'ka (qitay qag'azı) na ko'shirip axta (ulgi) tayarlanadı.

U'lgi - tayar su'wrette kal'kag'a sızıp, sızıq jollarına iyne shanshıp, buyım betine tu'siriw ushın tayarlanatug'ın zat. Burıng'ı waqıtları ustalar oyma ju'zine tuwrıdan tuwrı sızıp, oyıp ketken. Keyin ala u'lgi arqalı su'wretti tu'siriw qolay ekenligin sezgen ha'm onnan paydalanıp kelingen. Burıng'ı u'lgileri qag'azdan, eshkinin' terisinen islengen.

U'lgi tayarlaw ushın buyımnın' oyma orınlanatug'ın ju'zine mo'lsherlep juqa kal'ka qag'az alınadı. Nag'ıs kompozitsiyasına tuwrılap simmetriya ko'sheri boylap kal'kanı ekige, to'rtke ha'm tag'ı basqa bo'leklerge bo'liw kerek. Bo'leklengen kal'ka qag'azdın' bir bo'limine nag'ıs kompozitsiyası sızıladı. Nag'ıs sızılg'an kal'ka jumsaq dastıq u'stine nag'ıs sızıqları u'stinen iyne menen tesip shıg'ıladı. Nag'ıstın' u'lken kishiligine qarap, iyne tan'lanadı ha'm iyne tesigi aralıg'ı nag'ıstın' mayda yamasa iriligine qarap tesip shıg'ıladı. Tesilgen nusqa tayar bolg'annan son', kal'ka qag'az jayıp



jiberiledi ha'm bir pu'tin kompozitsiyanı ko'riw mu'mkin boladı. Tayar bolg'an u'lgini oyma ju'zine qoyıp u'stinen untaqlang'an ko'mir yamasa ku'ygen ag'ash ku'lin urıp yamasa basıp ju'rgizip shıg'arıladı. Na'tiyjede nag'ıs u'lgisi buyım ju'zine ko'shiriledi.

## NAGISSHILIQTAG'I STİLİZATSİYA

***Jobası:***

**1. O'simlik ha'm haywanat du'nyası; putalar, shaqalar, japıraqlar, gu'ller, haywanat ha'm ja'nlikler su'wretin qayta islew.**

**2. Jol, kvadrat, shen'ber, u'shmu'yeshlik ha'm ha'r tu'rli forma boyınsha nag'ıs kompozitsiyaların du'ziw.**

Nag'ısshılıq o'nerinin' tamırları ju'da' a'yyem o'tmishimizge barıp taqaladı. Adamzat o'zi ushın za'ru'r bolg'an barlıq buyımlardı ko'rkem bezep, rawajlandırıp kelgen. A'piwayı u'y-ruwzger buyımlarınan baslap, kiyim-kenshek, kitap, attın' qural saymanları, qara u'y bezewleri nag'ıs elementleri ja'rdeminde bezetiledi. Xalıq a'meliy o'nerindegi bezew elementleri ta'biyatta ushırasatug'ın o'simlik du'nyası, gu'l, shaqa, japıraq ha'm qus haywanlardın' dene mu'shelerinin' en' a'piwayı ko'rinislerindegi su'wretleniwi bolıp esaplanadı.

Nag'ıstı sızıwda, tiykarınan eki tu'rdegi ta'biyiy ha'm geometriyalıq formalardan paydalanıladı.

Ha'r bir nag'ıs ataması o'zine ılayıqlı nag'ıs elementlerinin' jıyındısınan ibarat. Stilizatsiya o'simlik, haywanat ha'm u'y-ruwzıger buyımlardan alıng'an ha'r tu'rli formalar ma'selen, gu'ller, shaqa, japıraq miywe, haywanatlar, ja'nlikler ha'm usı uqsag'anlardın' ta'biyiy formaların qayta islew degenimiz. Bunda tan'lang'an formanı nag'ıs kompozitsiyası quramına qoyıw mu'mkin bolg'an bezew formasına keltiriledi. Bunda oqıwshı pu'tin bir anıq predmettin' sırtqı ko'rinslerin bir neshe ko'rkem sızıqlar ja'rdeminde anıq a'piwayı etip su'wretlewdi u'yren'edi. Xalıq ustaları a'yyemnen qollanıp kiyatırg'an barlıq nag'ıslar ta'biyat ha'm waqıyalıqtın' sha'rtli su'wreti bolıwına qaramastan o'zine ılayıqlı nızam-qag'ıydalarına iye. Bul nızam qag'ıydalar ta'biyattın' o'zinen alıng'an. O'simlikler tek bir ta'repke qarap o'sedi. Mısalı, o'simliktin' payda bolg'an geypara azıraq sxemalastırılg'an motivlerde sheberdin' ne na'rseni su'wretlewge umtılatug'ınlıg'ın an'law an'sat: paqallar ha'm japıraqlar, bası bar

paqal, trostnik o`simlikleri, terek. Bular barlıq waqqıtta bir ta`repke qaray yag`nıy joqarıg`a qarap su`wretlenedi. Ta`biyattın` bul nızamı nag`ısta o`z sa`wleleniwin tapqan. Usta sızatug`ın nag`ıs tek g`ana qag`az betin toltırıw ushın emes, al an`lı ra`wishte ta`biyat ha`m ko`rkemlik nızam-qag`ıydalarına a`mel qılg`an halda ta`biyat ko`rinisin sızıwdan ibarat.

***Ko`rkem nag`ıs islew barısında talabalar to`mendegilerdi puqta o`zlestirip alıwı kerek:***

- qorshag'an ortalıqtag`ı, ta`biyatta bar bolg`an ta`biyiy formalardı qayta islew, yag`nıy stilizatsiyalaw jolların biliwi, onnan na`tiyjeli paydalana alıwı;
- berilgen nag`ıs elementleri yamasa u`lgi tiykarında jan`a nag`ıs kompozitsiyasın du`ze alıwı;
- o`z betinshe jan`a nag`ıs kompozitsiyaların du`ze alatug`ın bolıwı kerek.

Nag`ıs elementleri menen tanıstırıw shınıg`ıwlarında oqıtıwshı oqıwshılardı ta`biyat qoynına sayaxatqa alıp barıw ha`m olar shınıg`ıwlarda u`yrengen teoriyalıq ha`m a`meliy bilim sheberlikleri tiykarında o`simlikler, haywanat du`nyasın baqlaydı ha`m «stilizatsiyalaw» arqalı olardın` ko`rkem su`wretlewin, formalardı payda etiw menen u`zliksiz shug`ıllanadı. Talabalarg`a arnawlı izbe-izlik tiykarında du`zilgen ren`li yamasa aq-qara fotosu`wretlerden ha`m ko`rgizbeli qurallardan paydalanıw arqalı tu`sinikler beriw de jaqsı na`tiyje beredi.

***Stilizatsiya*** - bul ta`biyatta ushıraytug`ın o`simlikler, ja`nlikler, haywanat du`nyasın, u`y-ruwzıger buyımlarının` ta`biyiy ko`rinisinen a`dewir a`piwayılastırıp, en` ıqsham ko`rinislerde su`wretlew. Nag`ıs sızıwdı u`yren`iwshiler mine usı usıldı tolıq tu`singen halda iyelep alıwı tiyis. Sebebi ko`p g`ana nag`ıs kompozitsiyaları mine usı ta`rizde qayta islengen ha`r tu`rli formalar, su`wretler ja`rdeminde payda boladı.

Nag`ısshılıq shınıg`ıwları barısında nag`ıs elementlerin sızıw ha`m olardı payda etiw ta`rtipleri, jolları ha`m usılları o`zlestirilip barıladı. Da`slepki shınıg`ıwlarda *to`mendegi nag`ıs elementleri sızıp u`yreniledi:*

- japıraqlar (japıraq elementlerin sızıw);
- gu`ller (gu`l elementlerin sızıw);
- tıshqan iz, jılan bawır, suw nag`ısların sızıw;
- qus tili, ırg`aq nag`ısların sızıw;



- ha`rdem qıyal nag`ısın sızıw;
- taq mu`yiz, qos mu`yiz, toqalaq mu`yiz, qarsı mu`yiz, qoltıqsha mu`yiz nag`ısların sızıw;
- tay tuyaq, iyt taban, baqa nag`ısların sızıw;
- g`arg`a tırnaq, g`az moyın nag`ısların sızıw;
- g`awasha gu`l, teris putaq, taraq nag`ıs, tu`yme bas nag`ısların sızıw;
- sırg`a nag`ıs, tusaqa, piskek nag`ısların sızıw.

A`dette ko`rkem nag`ıslar sızıwda ko`birek ha`r tu`rli formadag`ı mu`yiz nag`ısları, g`awasha gu`l, erik gu`li, qa`reli gu`l, qoralı gu`l, ha`m t.b. qolanıladı.

Ata-babalarımız qara u`y a`njamların u`y-ruwzıger buyımların shıraylı nag`ıslı bezewler menen zawıqlanıp qalmastan, sol nag`ıslı kompozitsiyalar arqalı o`z arzıw-u`mitlerin, muhabbatın, tileklerin bildirgen. Nag`ısshı ata-babalarımız, analarımız insan ruwxıyatın ju`da` teren` ha`m ha`r ta`repleme u`yrenip, olardı a`jayıp g`ayrı nag`ıslar menen bayıtqan. Nag`ıslang`an u`yde adamlar erkin, tınıshlıq qoynında bolıwı, uzaq o`mir ko`riwin danıshpan ata-babalarımız a`sirler dawamında o`mirlik ta`jiriybeler tiykarında u`yrengen. Nag`ısshılıq o`neri tilin biliw ushın nag`ıstın` ha`r bir elementi atamaların ha`m ren`lerinin` simvolikalıq a`lipbesin biliw kerek bolg`an.

Xalıq a`meliy o`nerinin` qaysı bir tu`ri bolmasın, onın` tiykarında nag`ıs elementlerinen du`zilgen kompozitsiya turadı.

Nag`ıs kompozitsiyasının` bezew elementleri ta`biyatta ushıraytug`ın gu`l, na`wshe, japıraq, ja`nlikler, quslar ha`m haywanat du`nyası, u`y-ruwzıger buyımların a`piwayılastırıp su`wretlew na`tiyjesinde payda boladı.

O`z betinshe nag`ıs du`ziw barısında stilizatsiya arqalı nag`ıs elementleri o`z-ara biriktiriledi. Nag`ıs bo`leklerinin` wazıypaları ha`m bir tegis sızılıwına itibar beriledi. Geometriyalıq, o`simlik ha`m zoomorf nag`ıs elementlerinen nag`ıs kompozitsiyaları du`ziledi.

Talabalardın` fantaziyaları bar bolg`an nag`ıs elementlerin belgili nızam-qag`ıydalarg`a a`mel qılg`an halda jaylastırıwda olar belgili bir bilim ha`m ko'llikpege iye bolıwı kerekligi ko`zde tutıladı. Bir g`ana ***«Mu`yiz»*** elementi tu`rinen kesteshilik, ag`ash oymashılıg`ı, toqıwashılıq, zergerlik, gu`lalıshılıq uqsag`an xalıq a`meliy o`nerinde ha`r tu`rli o`zine ılayıqlı nag`ıs u`lgilerin jaratıw mu`mkin. Kompozitsiya

du`ziw jolları ha`m olardın` eskizlerin tayarlaw kesteshilik, ag`ash oymashılıg`ı, zergerlik ha`m basqa a`meliy o`ner tu`rleri ushın ulıwma ortaq bolıp ko`rinse de, tiykarında qollanılatug`ın shiyki zatı, ornlaw, pardozlaw usılları menen parıqlanadı.

Kompozitsiya latınsha so`z bolıp *«jaylastırıw, qurastırıw oylap tabıw»* degen mag`ananı an`latadı. Bunda tan`lang`an nag`ıs kompozitsiyasına qarap onın` elementleri qag`az betinde bir-birine u'ylesimli halda jaylasıp, belgili bir kompozitsiyanı payda etedi. Tan`lang`an tema mazmunına sa`ykes keletug`ın nag`ıs kompozitsiyasın du`ziw ushın bir neshe nabroska eskizler islenedi ha`m olardan talapqa juwap beretug`ınları tan`lap alınıp, kompozitsiya du`ziwde qollanıladı. Nag`ıs kompozitsiyalar du`ziwde bo`leklerdin` ornın almastırıp, qosımsha detallar kiritiw arqalı onın` mazmunın ja`ne de bayıtıw u`lken a`hmiyetke iye boladı. Nag`ıs temasın ko`rsetiwde kompozitsiyanın` tiykarg`ı nızamlılıqlarına boysınıw kerek.

Kompozitsiyada nag`ıs jaratıw qag`ıydasın simmetriya, assimetriya, ten`salmaqlılıq, detallardın` o`lshemi, forması, ren`i uqsag`anlardı esapqa alıw kerek boladı.

O`z betinshe nag`ıs du`ziw barısında oqıwshılar stilizatsiya arqalı du`zilgen elementlerdi o`z-ara biriktiretug`ın nag`ıs elementlerinin` wazıypalarına ha`m olardın` birtegis sızılıwına itibar beriledi.

***O`z betinshe nag`ıs sızıwda to`mendegilerge itibar beriliwi tiyis:***

- ❖ sızılatug`ın nag`ıs kompozitsiyasının` forması, o`lshem ha`m bo`leklerin esapqa alıw;
- ❖ kompozitsiyag`a erik gu`li, qa`reli gu`l, qoralı gu`l ha`m basqa nag`ıs elementlerin kiritip quramalastırıw;
- ❖ nag`ıstı suw nag`ısı, tıshqan iz nag`ısı menen baylanıstırıp bayıtıw;
- ❖ kompozitsiyanın` tiykarg`ı formasın ulıwmalastırıp nag`ısqa at qoyıw;
- ❖ kompozitsiyanın` ma`ni ha`m maqse`tin esapqa alg`an halda ren` tu`slerin anıqlaw;
- ❖ simmetriyalıq jaylasıw ha`m ren`ler u'ylesimliligin saqlaw.

Jol aylana, kvadrat, formaları ushın sızılatug`ın nag`ıs kompozitsiyaları bar bolg`an nag`ıs elementleri birikpelerinen du`ziledi.



O`z betinshe nag`ıstı baslawda talaba eki, u`sh ha`m onnan artıq elementler ja`rdeminde en` a`piwayı nag`ıs kompozitsiyaların du`ziwi mu`mkin. Bunda nag`ıs penen bezeliwi kerek bolg`an buyım o`lshemi alınıp, eki jol sızıq ishi tan`lang`an nag`ıs elementleri menen toltırıladı. Payda bolg`an kompozitsiyanı forma yamasa gu`l, nag`ıs elementleri menen ataw mu`mkin.

Elementlerdin` o`z-ara ta`rtipli jaylasıwı nag`ıstın` shırayın ja`ne de asıradı.

O`z betinshe nag`ıs kompozitsiyasın du`ziwde de xalıq ustaları do`retiwshiligin baqlaw, ko`rgizbelerge barıw, xalıq a'meliy o`neri muzeyine sayaxat ha`m nusqa ko`shiriw jaqsı na`tiyje beredi. Talaba qansha ko`p nag`ıs elementlerin yadtan sıza alsa, kompozitsiya du`ziw sonshama an`sat keshedi.

***A`piwayı nag`ıs kompozitsiyasın du`ziw.***

Da`slepki a`piwayı nag`ıs kompozitsiyaların du`ziw a`dette talabalarda bul tuwralı ayırım teoriyalıq ha`m a`meliy tu`sinikler, is-ta`jiriybeleri payda bolg`annan son` o`z betinshe tapsırma sıpatında beriliwi mu`mkin. Da`slep talabalar buyım yamasa onın` sırtın, o`zine ta'n o`lshemlerin dıqqat penen ko`zden keshirip, bolajaq nag`ıs kompozitsiyasının` forma ha`m elementlerin «oydan» ko`z aldına keltirip tan`lap aladı. A`lbette, bul nag`ıs elementleri talabalar ta`repinen aldın-ala o`zlestirip alıng`an yamasa gu`zetilgen nag`ıs bo`leklerinen ibarat boladı. Bunda talabalardın` ko`z aldına keltiriwleri, is-ta`jiriybeleri, pikir ju`ritiwleri qanshama jaqsı rawajlang`an bolsa, sonday-aq, esinde qanshama ko`p nag`ıs elementlerin saqlap qalg`an bolsa, olar a`jayıp nag`ıs kompozitsiyaların du`ziwleri mu`mkin boladı. Du`ziliwi tiyis nag`ıs kompozitsiyaları bo`lekler tiykarında du`zilip, onın` nusqası arnawlı usılda kerekli jerlerge ko`shirilip tu`siriledi. Bul usıldan paydalanıw uzaq waqıtlardan berli nag`ısshılar miynetin a`dewir jen`illestirip kelmekte.

Kompozitsiya jobasın du`ziw ha`m sızıw barısında forma ha`m fon boyınsha tarqalıwshı ren`ler ha`m elementlerdin` o`z-ara bir-birine sa`ykesligi esapqa alınıwı sha`rt. Bunın` ushın da`slep nag`ıs kompozitsiyasının` qaralama nusqası sızıp alınadı. Son`, mine usı qaralama tiykarında ha`r bir bo`lekke islew berilgen halda onın` nusqası kerekli jerlerge ko`shiriledi ha`m bir pu`tin nag`ıs kompozitsiyası du`ziledi.

Ha`r bir sızılg`an kompozitsiyanın` o`zgesheligi isleniw ornı ha`m onın` xarakterine baylanıslı. Kompozitsiya o`zgesheliklerin biliw joqarı da`rejedegi o`ner

shıg`armalarının` jaratılıwına alıp keledi. Nag`ısshılıqtag`ı bul o`zgeshelikke a`mel qılınbasa, o`ner do`retpesi o`z ma`nisin jog`altadı ha`m jumıstın` sawatsızlarsha islengenliginin` guwası bolamız.

## REN` TU`SİNİGİ HA`M ONIN` NAG`ISSHILIQTA TUTQAN ORNI

*Jobası:*

1. **Ren`ler ha`m olardın` o`zine ta`n o`zgeshelikleri.**
2. **Boyaw tayarlaw texnologiyası.**
3. **Ren` koloriti. Ren` beriw texnologiyası.**

Aynala a'tiraptı qorshag`an ta`biyat ha`m ondag`ı ha`r bir na`rse belgili bir ren`ge iye boladı. A`meliy bezew islerinde nag`ıs salıwdı ren`nen ajıratıp u`yreniwdi hesh qanday ko`z aldımızg`a keltiriw mu`mkin emes. Sebebi ren` onın` tiykarg`ı elementi ha`m estetikalıq sezim ta`rbiyanın` en` a`hmiyetli quralı bolıp esaplanadı.

Ko`rkem nag`ısshılıqta nag`ıs elementleri, bezew ha`m tu`rli formalar, kompozitsiya nızamlarınan tısqarı onı boyawda qollanılatug`ın boyaw tu`rleri, olardın` o`zine ılayıqlı o`zgeshelikleri, ren` tu`sleri, ren` kaloriti sıyaqlı izbe-izlilte a'melge asırıladı. Eger de biz xalıq o`nermentshileri ta'repinen islengen a`meliy o`ner u`lgilerin baqlasaq, olardın` anaw yaki mınaw ren` tu`sleri ta`sirine, yag`nıy ren` koloritine boysındırılg`anın ko`remiz. Sog`an ko`re qon`ır ren`, sarı, aq, jasıl, qızıl, hawa ren` ha`m usıg`an uqsag`an ren`ler ortalıg`ına jaylasqan nag`ıs kompozitsiyaları jaratıladı.

Ko`rkem nag`ıs sızıwda, ren`lerden paydalanıwda, onın` kompozitsiyalıq du`ziliwine itibar beremiz, sonın` menen birge paydalanılatug`ın ornın esapqa alamız, yag`nıy bezeletug`ın predmet (na`rse, buyım) ne ekenligi, qay jerlerde paydalanılıwı, ne xızmet atqaratug`ınlıg`ı tamashago`ylerde qanday ta`sir qaldırıwına baylanıslı boladı.

Ha`r bir buyım qanday da bir maqset ushın paydalanıladı, sonın` ushın buyımg`a ko`rkem bezew bergenimizde sol maqset ko`zde tutıladı. Mısalı, jaylardın` ishlerin, ma`kemelerdin` ishlerin boyag`anda ashıq ren`lerden ko`birek paydalanıladı, al ko`she transportlarının` ha`reketi ushın tayarlanatug`ın belgilerdin` uzaqtan ko`riniwi maqsetinde ko`birek qoyıw ren`ler (toyg`ın ren`ler) isletiledi.

Ha`r qanday sharayatta jumıs islew waqtında birinshi na`wbette ren`nin` jaqtılıq da`rejesi ku`shli, yag`nıy nag`ısshılıq o`nerinin` termini menen aytqanda (tonı) esapqa alınadı.



Eger biz axromatik ren`lerde (aq, qara, ku`l ren`) qarama-qarsı ren` aralaspalarınan paydalanatug`ın bolsaq, tiykarınan aq ha`m qaranı paydalanamız. Ren`lerdin` arasındag`ı qarama-qarsılıqtı kemeytiw (a`zziletiw) maqsetinde eki ortadag`ı ku`l ren` paydalanıladı.

Axromatik ren`ler, xromatik ren`ler menen aralastırg`anda qarama-qarsı ha`m qarsı bolmag`an ren`lerdi payda etiw mu`mkin. Qarama-qarsılıqtı pa`seytiw maqsetinde aq ren` menen qızıl, sarı, jasıl, ko`k ha`m t.b ren`ler aralastırılıp, ortasha ashıq qızıl, ashıq jasıl ha`m t.b ren`lerden paydalanıw mu`mkin.

Demek, usınday ren`ler aralaspalarınan nag`ıs salıwda o`z ornında, kerekli jerinde durıs paydalanıwımız arqalı joqarı na`tiyjelerge erisiledi. Sonday-aq ren`lerdi nag`ıs kompozitsiyalarına jaylastırıwda, nag`ısshılıqtın` qag`ıyda ha`m nızamlılıqlarına boysındırılıwı kerek. Mısalı, nag`ıs salıwda simmetriyalı kompozitsiyalardı boyawda ren`ler de simmetriyalı toshkalarda, sızıqlarda yamasa maydanlarda jaylasıwı kerek, yamasa ritmlilik qag`ıydasına muwapıq, belgili bir ren` ritmdi maqullag`an halda qaytalanıp turıwı mu`mkin. A`lbette, bul oqıwshılardın` ren`di tanıwına, saylap alıwına u`lken ta`sirin tiygizedi. Bunnan basqa ren`ler spektri, kolorit haqqında tu`siniklerdi nag`ıs salıwdı u`yretiw barısında o`zlestirip aladı. Oqıwshılar nag`ıs kompozitsiyasında kontrast ren`lerden paydalang`an menen, ulıwma belgili bir ren`nin` yamasa ren`lerdin` basım bolıwın ko`remiz. Bul ko`rkem nag`ısshılıqtın` termini menen atag`anda ***«kolorit»*** dep ju`ritiledi. Mısalı, geypara nag`ıslar qızg`ısh boladı, tag`ı basqalar jasıl, al u`shinshileri ko`gis bolıwı mu`mkin ha`m t.b.

Ko`rkem nag`ısshılıqta da suw ha`m maylı boyawlardan ken` ko`lemde paydalanıladı. Bul, o`z na`wbetinde talabalardan ren` tu`siniw barısında da kerekli bilim ha`m a`meliy ko`nlikpelerge iye bolıwı lazımlıg`ın ko`zde tutadı.

Bizdi qorshag'an na`rseler tu`sip turg`an jaqtılıq ta`siri astında ren` tu`sleri tez-tez o`zgertip turadı. Mısalı, quyash nurı qaptal ta'repten jarıtıp turg`an ot-sho`plerdin` ren`i sarg`ısh jasıl ko`riniste bolsa, tap usı ot-sho`ptin` sayada turg`anları biraz toyg`ın jasıl ren`de ko`rinedi. Nag`ısshılıqta da ren`lerdin` mine usı o`zgesheliklerin esapqa alg`an halda is alıp barıw kerek. Eger islenetug`ın nag`ıs jaqtılaw jerge qoyılatug`ın yamasa islenetug`ın bolsa, ren` tu`slerin biraz toyg`ın alıwımız mu`mkin. Kerisinshe, biraz

jaqtılıq nurları kemlew tu`setug`ın jerlerge jaylastırılatug`ın bolsa, ashıqlaw ko`rinstegi ren` tu`slerinen paydalanıladı.

Tayar nag`ıs u`lgilerin boyawda bir ren`nin` bir neshe tu`sleri qollanıladı. Bunda aq boyaw tiykarg`ı orındı iyeleydi. Akvarel boyawları menen qag`azg`a islengen nag`ıslarg`a ren` beriw barısında, suw ren` tu`sin ashıqlastırıwshı qural sıpatında u`lken a`hmiyetke iye.

Sonı este saqlawımız kerek, ayırım boyawlardı bir-biri menen aralastırıwda bazı bir ıqtıyatlı jag`daylardı ko`riwimiz lazım. Sebebi, toq ren` tu`sine iye bolg`an boyaw quramına basqa ren` aralastırılsa, onın` tu`si de toyg`ınlasadı. Bul, o`z na`wbetinde ren` tu`sin tınıqlıq da`rejesine ta`sir ko`rsetedi. A`sirese maylı boyawlarda islengen nag`ıslardın` tu`sleri keyin ala toqlasıp, qarayıp ketedi. Eger de nag`ıslar uzaq waqıt saqlaw ushın arnalg`an bolsa, olardı ilajı barınsha ashıq ren` tu`slerinde boyaw usınıs etiledi. Ulıwma alg`anda, nag`ıs sırtına ilajı barınsha quyash nurı tu`speytug`ın bolıwı lazım. Sonday aq, ıg`al hawa suw tiyiwi de nag`ıstın` uzaq mu`ddetke saqlanıwı ushın u`lken tosıq bolıwı mu`mkin. Ulıwma alg`anda, ko`rkem nag`ısshılıqta mine usı jag`daylardı esapqa alıw kerek.

Ko`rkem nag`ısshılıqta to`mendegi ren`ler ha`m olardın` tu`slerinen *ken` paydalanıladı.*

| |
|---|
| [redacted] |
| *Sarı ren`ler ha`m olardın` tu`sleri* (ashıq sarı, sarı, toq sarı, sarg`ısh, limon sarı, kadmiyli sarı,) |
| [redacted] |
| [redacted] |
| [redacted] |
| [redacted] |



Ko`rkem nag`ıs salıw shınıg`ıwların tabıslı alıp barıw oqıwshılarg`a boyaw usılların durıs tu`sindirip, ren`ler menen shınıg`ıwlar islew uqıplılıqların bekkemlewge, ren`lerdi durıs tan`lay alıwg`a, oqıw ha`m ko`rgizbeli qurallardan na`tiyjeli ha`m durıs paydalanıwg`a baylanıslı boladı.

Joqarıda ko`rsetip o`tilgen ren`ler ha`m olardın` tu`sleri ko`binese ko`rkem nag`ıs koloritin belgilewde a`hmiyetli orında turadı. Sog`an qarap ren` ortalıg`ı belgili bir anıq ren` tu`si koloritine boysındırıladı. Mısalı, qon`ır ren`, hawa ren`, sarg`ısh yamasa qızg`ısh ren`ler ortalıg`ında islengen nag`ıs kompozitsiyaları usılar qatarına kiredi.

Nag`ıs salıwg`a u`yretiw barısında oqıwshılar ren`lerden paydalanıwg`a tek g`ana olardın` aralaspaları, ren`ler haqqındag`ı mag`lıwmatlar, geypara nızamlılıqlar menen tanısıp qoymastan, al nag`ıs salıw shınıg`ıwlarında estetikalıq zawıq aladı.

Sonday-aq ko`rkemlilik talg`amı rawajlanadı, xalqımız miyrasları menen jaqınnan tanısadı, tariyxımızdı o`zlestiredi, en` baslısı keleshekte belgili bir ka`sipti, mamanlıqtı iyelewge tiykar salınıp, jol ashıladı.

## SPEKTR REN`LERİ



**Suwıq ren`ler**: Ko`k, aspan ko`k, ko`k-sıya_tu`r, ko`k-jasıl ha`m bulardın` birikpesinen kelip shıqqan ren`ler. Duz, qar, suw, ay jarıqlıg`ı ha`m t.b.



**Jıllı ren`ler**: Qızıl, sarı, jalın ren` ham quramında az bolsa da usı ren`ler aralasqan ren`ler. Jıllı ren`ler quyash ren`i, jalın ha`m ta`biyatta haqıyqattan da jıllılıq beriwshi dereklerdi

## TİYKARG`I, BİRİKPE HA`M QOSIMSHA REN`LER

Ren`lerdi bir-birine aralastırıw jolı menen alıp bolmaytug`ın ren`ler ***tiykarg`ı ren`ler*** delinedi (qızıl, sarı, ko`k).

Tiykarg`ı ren`lerdi bir-birine aralastırıp shıg`arılatug`ın ren`lerden birikpe yaki jasalma ren`ler (bular toyg`ın sarı, jasıl, sıya ren`).





## NAG`IS ELEMENTLERİN SIZIP U`YRENİW

Talabalardı nag`ıs salıw usıl ha`m metodları menen tanıstırıw boyınsha qaraqalpaq xalıq nag`ısının` ken` tarqalg`an elementleri atların aytıp beriw oqıw materialların o`zlestiriwdi an`satlastıradı ha`m nag`ıs kompozitsiyaların du`ziwde oqıwshılardın` do`retiwshilik qa`biletlerin bekemlew na`tiyjeligin asıradı.

Olardı ulıwma qabıl qılıng`an o`ner tu`sinik terminleri, ko`rkem obraz, kompozitsiya, kolorit tu`sinikleri menen tanıstırıwda usı termin ha`m tu`siniklerdi ja`mlestirip, talabalardı u`yretip barıw kerek.

Da`slepki shınıg`ıwlar nag`ıs elementlerin sızıwdan baslanadı. Talabalar barlıq nag`ıs elementlerin bir neshe ret qayta-qayta sızıp u`yrenip bolg`annan son`, olar qıl qa`lem menen sızıp u`yrenedi. Mine usı basqıshta qıl qa`lemdi qolda qalay uslaw kerekligi, tuwrı sızıq ha`m iyrek sızıqlar sızıw jolları u`yretiledi.

Qoldı isletiwde to`mendegi qag`ıydalardı bilip alıw kerek. Stol janında tirsek ha`m ko`kirek penen tayanbay erkin otırıw, gewdeni stoldan belgili aralıqta tutıw kerek. Qıl qa`lemdi eki barmaq, bas ha`m ko`rsetkish barmaqlar menen uslaw kerek. Qoldı usınday jag`dayda tutıw barmaqlardın` erkin ha`reketleniwin ta`miyinleydi. Kerekli ta`jiriybe tu`rli shınıg`ıwlar islew arqalı rawajlanıp baradı. Ta`jiriybe jumıs barısında rawajlanadı, bekkemlenedi ha`m belgili da`rejede jetilisedi.

Qol barmaqları ju`da` erkin ha`reketlenetug`ın bolıwı kerek. Talaba qolındag`ı qıl qa`lem barlıq waqıtta ha`rekette bolıwı kerek. Ta`jiriybeni jetilistiriwdin` mine usı basqıshında u`lgilerden nusqalar ko`shiriw usılın qollanıw maqsetke muwapıq boladı.

Talaba u`lgige qarap sızıwda nag`ıstın` du`zilisi, onı tegislikte su`wretlew nızamların o`zlestiriwi kerek.

Sızıwdı u`yreniwdin` basınan-aq qoldı durıs isletiw, jumıs texnikasının` usılları menen tanısıw ha`r bir talaba qa`biletin barg`an sayın rawajlandırıp barıw imkanın beredi.

A`dette olardın' texnikalıq ko'nlikpelerin rawajlandırıw eki jol menen a`melge asadı:

- uzaq dawam etken isti u`zliksiz orınlaw

❖ arnawlı shınıg`ıwlar arqalı

Shınıg`ıwlardın` wazıypası birdey operatsiyalardı ta`kirarlaw menen bilimin asırıw ha`m olardı u`zliksiz rawajlandırıp barıwdan ibarat. Shınıg`ıwlar na`tiyjeligin, yag`nıy bilimlerin tejemli jol menen rawajlandırıwdın` en` kerekli sha`rti - shınıg`ıwlardı u`zliksiz o`tkiziw ha`m kem-kemnen quramalastırıp barıwda texnikalıq sheberlikke ku`ndelik, u`zliksiz islew na`tiyjesinde erisiledi.

*Qag`azdı bir bu`klep nag`ıs sızıw ha`m qıyıw:*

1) To`rt mu`yeshli qag`azdı ortasınan bir bu`klep, betine qa`lem menen nag`ıs u`lgisin sızıp, onnan keyin su`wrette ko`rsetilgendey qayshı menen qıyın`.

2) Qag`azdı eki bu`klep nag`ıs sızıw ha`m qıyıw.

Endi sızatug`ın nag`ıstın` u`lgisi aldın`g`ı u`lgiden quramalıraq.

Bunda ta`repleri ten` to`rt mu`yeshli qag`azdı eki bu`klep nag`ıs sızamız ha`m qıyamız. Sonda to`mendegidey nag`ıs u`lgisine iye bolamız.

To`rt mu`yeshli qag`azdın` ortasınan joqarıdan to`menge qarap (vertikal) sızıq ju`rgiziledi, qag`az uzın sızıq boyınsha bir bu`klenedi, son` qag`azdın` ten` ortasınan kesesine (gorizontal) sızıq ju`rgizilip sızıq boyınsha ja`ne bir ma`rte bu`klenedi.

Eki ret bu`klengennen keyin nag`ıs u`lgisi sızılıp keyinnen qayshı menen qıyıw kerek. Qıyg`annan keyin nag`ıs u`lgisi (kerege nag`ıs) payda boladı.






***1-su`wret.* Gu`l motivleri**

1, 2, 3 - g`awasha gu`l yamasa erik gu`li; 4, 5, 6, 7-gu`l; 8, 9 - qa`reli gu`l; 10, 15 - qoralı gu`l



***2-su`wret.*** **Gu`llerdin` motivleri.**

T.A. Jdanko mag`lıwmatları boyınsha bular

«tu`rkmen nag`ıs» toparına kiredi.





***3-su`wret.*** **O`simlik ñag`ıs**



*4-su`wret.* **Baqa nag`ıs**



*5-su`wret.* **Quwırshaq nag`ıs**





*6-su`wret.* **Gaz moyın motivleri**



*7-su`wret.* **İyt taban motivleri**



*8-su`wret.* Sırg`a nag`ıs





*9-su`wret.* Mu`yiz nag`ıslar



*10-su`wret.* **Nag`ıs elementlerin basqıshpa-basqısh sızıw usılı.**





*11-su`wret.* **Nag`ıs elementlerin basqıshpa-basqısh sızıw usılı.**





Nag`ıslı kompozitsiya du`ziw









Nag`ıslı kompozitsiya du`ziw

## TEST SORAWLARI

*1. Xalıq a`meliy o`neri tu`rlerin ko`rsetin`.*

a) ag`ash oymashılıg`ı, ren`li su`wret, kesteshilik

b) mıskershilik, kesteshilik, toqımashılıq, gu`lalıshılıq, zergershilik

v) portret orınlaw, tigiwshilik, gu`lalıshılıq, zergershilik

g) gu`lalıshılıq, ag`ash oymashılıg`ı, qa`lem su`wret, mu`sinshilik

***2. Nag`ıs so`zi qaysı tilden alıng`an?***

a) o'zbek tilinen

b) nemets tilinen

v) rus tilinen

g) arab tilinen

***3. Ritm degenimiz ne?***

a) nag`ıs bezew elementlerinin` belgili bir ta`rtipte ha`m belgili aralıqta bir tegis ta`kirarlanıwı

b) qozg`alıwshılıq

v) na`rsenin` ko`rinisi

g) kompozitsiya orayı

***4. Qaysı nag`ıs qaraqalpaq o`nermentshiliginde ko`p qollanıladı?***

a) qumırısqa bel

b) shayan quyrıq

v) mu`yiz nag`ıs

g) bo`ri ko`z

***5. Kontrast ren`ler degenimiz ne?***

a) bir-birine jaqın ren`ler

b) bir-birine baylanıslı ren`ler

v) bir-birine qarama-qarsı ren`ler

g) bir tu`rdegi ren`nin` o`zgerip barıwı

***6. Kompanovka degenimiz ne?***

a) nag`ıs elementlerin durıs-jaylastırıp sızıw

b) nag`ıstın` su`wretin bir-biri menen baylanıstırıp sızıw



v) ha`r ta`repten qarap zattın` su`wretin sızıw

g) nag`ıstın` bir bo`legin sızıw

***7. Nag`ısshılıqta ko`binese kontur sızıqtan qanday jag`dayda paydalanıladı?***

a) bir-birine jaqın bay ren`lerdi qasına isletiwde kontur sızıqtan paydalanıladı

b) bir-birine qarama-qarsı ren`lerdi isletiwde kontur sızıqtan paydalanıladı

v) jıllı ren`ler jaqın turg`anında paydalanıladı

g) qanday ren` bolmasın barlıg`ında kontur sızıqlardan paydalanıladı.

***8. İnkurustatsiya degenimiz ne?***

a) belgili bir buyımg`a ren`li sabaqlardan paydalanıp nag`ıs islew

b) belgili bir buyımg`a su`yek, temir ha`m basqalardı qadap nag`ıs yamasa ko`rkem su`wret islew

v) belgili bir buyımlarg`a jelimlep nag`ıs islew

g) belgili bir buyımlardı jonıp nag`ıs islew

***9. A`meliy bezew o`neri qashan payda bolg`an?***

a) oyanıw da`wiri su`wretshileri ta`repinen

b) A`mir Temur buyrıg`ı menen

v) adamlardın` jasaw jag`dayına baylanıslı

g) adamlardın` miynet iskerlikleri ha`m mu`ta`jlikleri menen baylanıslı halda

***10. Ertede artıqsha kiyim-kenshekler saqlanatug`ın u`lken bu`rmeli qaltanın` nag`ıslang`an ju`zi ne dep atalg`an?***

a) degde

b) qarshın

v) kergi

g) alasha

***11. Hayal qızlar tag`ınshag`ı «Ha`ykel» xalıq a`meliy o`nerinin` qaysı tu`rine kiredi?***

a) mıskerlik

b) zergershilik

v) kesteshilik

g) temirshilik

*12. Aleksandr Makedonskiy, İran, Xorasan, Xorezm shaxlarının bas kiyiminde qanday nag`ıs su`wretlengen?*

a) mu`yiz nag`ısı

b) qus qanat nag`ısı

v) qumırısqa bel nag`ısı

g) bo`ri ko`z nag`ısı

*13. Nag`ıslang`an ko`k ko`ylektin` ekinshi atın tabın`.*

a) toy ko`ylek

b) boyaw ko`ylek

v) qız ko`ylek

g) bo`z ko`ylek

*14. Qaraqalpaq xalqının` qaysı kiyim kensheginde nag`ıslı kompozitsiyanı «sawıt nag`ıs» dep atag`an?*

a) aq jegde

b) taqıya

v) shapan

g) kiymeshek

*15. Nag`ısshılıqta jasıl ren` qanday ma`nini bildiredi?*

a) baxıt ma`nisin

b) jaslıq ma`nisin

v) ku`n ma`nisin

g) jaqtılıq, tazalıq

*16. Ko`rsetilgen nag`ıstın` atın tabın`.*



a) omırtqa nag`ıs

b) shiy quraq nag`ıs

v) quwırshaq awız nag`ısı

g) taq mu`yiz nag`ısı

*17. Nokistegi korkem o`ner muzeyi neshinshi jılı ashılg`an?*

a) 1960-j

b 1964-j



v) 1970-j

g) 1966-j

*18. Ko`rsetilgen nag`ıstın` atın tabın`?*



a) espe nag`ıs

b) iyt taban nag`ıs

v) tu`ye taban nag`ıs

g) qumırsqa bel nag`ıs

*19. Ko`rsetilgen nag`ıstın` atın tabın`.*



a) qus tili

b) mu`yiz nag`ıs

v) qumırsqa bel nag`ıs

g) it taban nag`ıs

*20. Ko`rsetilgen nag`ıstın` atın tabın`.*



a) aygu`l nag`ısı

b) grix

v) qos mu`yiz

g) paxta gu`li

*21. Ko`rsetilgen nag`ıstın atın tabın`.*



a) qalampır nag`ısı

b) espe ag`ıs

v) shayan quyrıq

g) qoltıqsha mu`yiz

*22. Uslag`ıshı joq, suw quyıw, tasıw ushın arnalg`an mıs ıdıs ne dep ataladı?*

a) la`gen,

b) gu`ze,

v) gu`ldan,

g) quman

*23. En birinshi qaraqalpaq xalıq a`meliy o`ner u`lgilerin kim jıynag`an?*

a) S.P.Tolstov

b) A.Allamuratov

v) İ.V.Savitskiy

g) A.S.Melkov

*24. Ko`rsetilgen nag`ıstın` atın tabın`.*



a) qumırsqa bel

b) taq mu`yiz

v) qarsı mu`yiz

g) qorasanı mu`yiz

*25. Qaysı ren` tiykarg`ı ren`ler bolıp esaplanadı?*

a) qızıl, qara, aq

b) sarı, qızıl, jasıl

v) ko`k, aq, qızıl

g) qızıl, sarı, ko`k

*26. Ko`rsetilgen nag`ıstın` atın tabın`.*



a) qa`reli gu`l

b) qoralı gu`l

v) erik gu`l

g) gawasha gu`l

*27. Ren` koloriti degende neni tu`sinesiz?*

a) ren`ler qarama-qarsılıg`ı

b) ren`lerdin` bir-birine sa`ykesligi

v) ren` tu`si

g) ren`nin` o`zgeriwi

*28. Nag`ıslardı ren`lewde qaysı boyaw tu`ri ko`birek isletiledi?*

a) maylı boyaw

b) guash, akvarel'

v) mineral boyawlar

g) guwash, emul'tsiya



*29. Nag`ıslanatug`ın buyımdı qaysı ag`ashtan islesek maqsetke muwapıq boladı?*

a) erik, g`oza, tal

b) qarag`ay, alma

v) qarag`ay terek, erik

g) jiyde, tut, qarag`ay, g`oza

*30. U`lgi (axta) ne ushın tayarlanadı?*

a) nag`ıs tu`siriw ushın

b) nusqa ko`shiriw ushın

v) pardozlaw ushın

g) bezew ushın

*31. Nag`ıs so`zi qaysı so`zden kelip shıqqan?*

a) arabsha dala

b) arabsha su`wretlew gu`l

v) tu`rkshe ishki bezew

g) ha`mmesi

*32. Xiywalı qaysı ag`ash oymashı ustasın bilesiz?*

a) Sh.Muodov

b) M.Yusupov

v) Sh. Gofurov

g) Ata Palwanov

*34. Qara u`ydin` qabırg`ası ne dep ataladı?*

a) kerege

b) kergi

s) shan`araq

d) uwıq

## QARAQALPAQ XALIQ O`NERMENTSHİLİGİ ATAMALARININ` QISQASHA TU'SİNDİRME SO`ZLİGİ

*AKVAREL`* - (latınsha) - so`zbe-so`z, «suwlı boyaw» degendi bildiredi, akvarel suwda eriytug`ın ha`m an`sat g`ana juwılatug`ın jelimli boyaw.

*AG`ASh OYMAKERShİLİGİ* - A`meliy o`nerdin` a`yemgi ha`m ken` tarqalg`an tu`ri. Ag`ashtı oyıp, kesip, sızıp, bo`rttirip (enine yamasa boyına), tesip, taxtaysha yamasa bo`lekleri bir-birine jalg`ap islenedi. Qurlısta ken` qollanıladı.

*ANShIQ* - 1. Qara u`ydin` shiy esiginin` ortasına salıng`an nag`ıs. 2. Gilt salg`ıshtın` ekinshi atı.

*AQ JEGDE* - basqa jamılatug`ın kelte ha`m tar etip tigilgen, jen`leri hesh waqıtta qolg`a kiyilmeytug`ın hayallardın` mereke kiyimi. Ol aq bo`zden islenip, jag`ası ha`m sırtı, iri, siyrek etip kestelenedi. Aq jegdenin` en` ko`p tarqalg`an nag`ısı «kerege ko`z» nag`ısı.

*AQ BASQUR* - qara u`ydin` uwıqlarının` iyilgen jerine, qızıl basqurdın` joqarısınan nag`ısı ishke qapap tutılatug`ın basqurlardın` en` sa`nlisi ha`m ko`lemlisi (eni 50 sm dey, uzını 12-12 m), nag`ısı ortadan baslap eki shetke qarap qaytalanıp keledi. To`rde otırg`an adam on` jag`ına qarasa da, sol jag`ına qarasa da, qaptalda otırg`an adam aldına qarasa aqbasqurdag`ı nag`ıs kompozitsiyasın tolıq ko`riwine mu`mkinshilik boladı. Aqbasqur paxta jipek ren`li ju`n jip penen tu`kli etip nag`ıslang`an boladı.

*AQ OTAW* - en` sa`nli qara u`ydin` atı. Burınları ko`k otaw da bolg`an. Aq otawda barlıq bezeniw zatları tolıq boladı.

*AQ TAQIYa* - jası u`lkenlerdin` bas kiyiminin` tu`ri.

*AXTA (u`lgi)* - nusqa ko`shiriw ushın isletiliwshi, nag`ıs jolları tesilgen kal'ka qag`az.

*A`REBEK* - murınnın` tar jag`ına tag`ılatug`ın do`n`gelek sırg`a. Ol altın yamasa gu`mis sımnan islenip, ortasında, sırt jag`ında ha`r tu`rli bezekler boladı. Ortasında do`n`gelek shtaq, altın bu`rshikler (mayda g`ozalar), qızıl monshaq boladı. A`rebek bazı Aziya Afrika xalıqlarında bolg`an.

*BEZEW* - buyım ha`m orınlardı su`wretshiler ta`repinen ko`rkem etip bezew belgisi.



*BEZEW MU`SİN* (декоративная скульптура) - bezew mu`sin - bezew sıpatında qollanilatug`ın mu`sinler-bezew sıpatında qollnılatug`ın mu`sinler.

*BEZEW O`NERİ* (декоративное искусство) - bezew o`neri - (amaliy san`atning bir turi) - qol o`nerdin` bir tu`ri.

*VATMAN* - su`wretshilik, nag`ısshılıq ha`m sızıwda paydalanılatug`ın qalın`, joqarı sıpatlı qag`az.

*GALEREYA* - su`wretlew ha`m qol o`neri shıg`armaları saqlanatug`ın ha`m ko`rgizbeler o`tkiziletug`ın arnawlı imarat (su`wretxana dep atawg`a da boladı.) Belgili bir bag`dardag`ı shıg`armalar jıynag`ı da tu`siniledi. Ma`selen, portret galereyası.

*GANCh* - maydalang`an tastı arnawlı qag`azda ku`ydirip, qurılısta isletiledi. Onın` tu`ri ko`p: gu`l, ganch, tez ganch ha`m sol sıyaqlı. Og`an bir waqıtları topıraqta qosıladı. Alebastr ıssıg`a tu`sip ketse shıdamlı, ganch hawa-rayı sharayatlarına shıdaydı. Sonın` ushın da mın` jıllıq a`yyemgi ganchlar da saqlang`an. A`sirese, qamıs qosıp sıbalg`an ganch ju`da` shıdamlı boladı.

*GARMONİYA* - ren`ler u`ylesimligi ha`m baylanıslıg`ı.

*GUASH* - kleyli boyaw tu`ri, suwda eriydi, u`stinen basqa boyawdı su`rtiw mu`mkin.

*GA`WHAR* - O`nermentshilikte, tiykarınan zergerlik buyımlarında qollanılatugın hasıl tas.

*GEMMA* - bo`rtpe su`wret, mo`r, geometriyalıq nag`ıs, geometriyalıq denelerden du`zilgen nag`ıs.

*DA`SKER* - qumandı ottan alıw ushın gezlemeden islengen buyım, kesteli tu`ri bolg`an.

*DA`R`Ya NAG'IS* - nag`ıstın` tu`ri, su`wdı esletetug`ın sızıq.

*EKSPOZİTsİYa* - su`wretlew o`nerinde ko`rgizbege qoyılg`an ko`rkem shıg`armalardı ornalastırıw ta`rtibi.

*EKSPONAT* - su`wretlew ha`m a`meliy o`nerinde ko`rgizbe yamasa muzey zalına qoyılg`an ko`rkem shıg`arma.

*JALPAQ TU`YME* - o`n`irge tag`ılatug`ın zergerlik buyımı, ekinshi atı baqa tu`yme. Ortasında bir qas, onın` do`gereginde o`simlik ta`qiletli nag`ıslar boladı. Nag`ıs qa`lipke urılıp yamasa u`lgi boyınsha o`tkir metal menen oyıp islenedi.

***JAWIRINShA*** - balalardın` (qızlardın`) jawırınına tag`ılatug`ın kesteli ha`m quraq u`shmu`yeshlik.

***JEZ ShİY*** - otawdın` esigindegi nag`ıslı shiy. Jez qamısqa ha`r tu`rli ren`li ju`ndi orap nag`ıslı jez shiy islenedi. Ko`binshe teksheli to`rt mu`yeshlik nag`ıs isletiledi.

***JOSA*** - qızg`ılt ren`li kesek (topıraq). Tawlı jerden alıp otawdın` ergenegin, kerege ha`m basqa da ag`ash bo`leklerin boyaydı.

***JUMALAQ TU`YME*** - zergerlik buyımı. Hayal-qızlar ko`kiregine taqqan. Gu`mbezli bo`lekti kepserlep qurastırıp, oyma ha`m sızba nag`ıslar salınadı. Nag`ısı ko`binshe o`simlik taqıletli (eki japıraq g`umsha) boladı.

***ORNAMENT*** - (latınsha ornament «bezew» degen mag`ananı bildiredi.) Buyım yaki belgili bir na`rsege islengen nag`ıs. Ornamentler geometriyalıq, o`simlik, simvolikalıq ha`m basqa nag`ıs tu`rlerinen quralıwı mu`mkin.

***O`RMEK*** - qur toqıw a`sbabı, barlıq bo`lekleri ag`ashtan islengen.

***ShAShAQ*** - bezew zatının` to`menine, qarap erneklerine ornalasqan bo`legi. Ol gilem, jegde, janbaw, iyinbaw, kergi, tu`rme, ha`ykel, o`n`irmonshaq, shartu`yme, ayshıq ha`m t.b. boladı.

***ShAShBAW*** - shashtın` ushına bekitiletug`ın bezew zatı. Ol jin`ishke jipek jiplerden, po`peklerden monshaqlardan turadı.

***ShİY*** - otawdın` (qara u`y) keregesinin` jabıwı, qamıstan toqıladı. Qara ju`n jipten eki qatar jol araları bawırsaq gu`l etip iyreklenip bezeledi. Shiy a`piwayı a`sbapta toqıladı. Ol a`sbap jerge ko`milgen to`rt ag`ashqa bekitilgen juwan baqan ha`m awrıq dep atalatug`ın palawqabaqqa uqsas quyma keseklerden turadı.

***ShİY QURAQ*** - quraq ko`rpeshege salınatug`ın quraq nag`ıstın` tu`ri.

***ShIMILDIQ*** - kelinshektin` betin ashqang`a deyingi otırg`an jerin bo`leklep, aldına tutıp qoyatug`ın kesteli, quraqlı perde Sankt-Peterburgta 1930-jılları Qaraqalpaqstannan aparılg`an keste, quraq qur texnikasında islengen shımıldıq bar.

***ShIMILDIQ QAS*** - shımıldıqtın` joqarg`ı ernegi, ko`binshe quraq ha`m keste sol qasta boladı.

***ShINNIQAP*** - kese, sha`ynek salınatug`ın ıdıs. Onı qalın` teri bo`leklerinen islep, sım menen torlap nag`ıslaydı. Bir jag`ı jalpaq, ekinshi jag`ı du`n`ki. Attın` erine qıstırılatug`ın bawı boladı. Jipek sabaq penen sırtı kestelengen shınıqap ta boladı.



***ShIPTA*** - jekennen toqılg`an to`sek.

***ShIRIS TİGİS*** - tigis texnikası. Tek bo`zge qollanıladı.

***ShAY QALTA*** - qurg`aq shay ushın ıdıs. Boyalg`an bo`zden yamasa qızıl ja`ne qara ren`li ushıg`a bo`leklerinen kestelenedi. Uzın to`rt mu`yeshli ha`m tu`bi do`n`gelengen formaları boladı. Shay qaltanın` bo`zden islengenlerinde mayda kletkalar boladı. Sol boyınsha sırt jag`ınan terisine kestelenedi. Bet jag`ının` nag`ısı bir tegis bolıp, ko`k fonın tolıq jawıp turadı. Bul nag`ıslaw texnikası «teris qayıw» dep ataladı. Ushıg`adan islengen shayqaltalarda qızıl kiymeshek, jenushlardag`ı nag`ıslar qollanıladı. Shayqaltanın` bawı po`pekli, geyde monshaq o`tkerilgen boladı.

***ShANAShı*** - Ol buzawdın` terisinen, bo`zden islengen. So`k, un salatug`ın ıdıs. Betine quraq etip qızıl, ko`k nag`ıs salıng`an. Nag`ıslar atanaqqa qurılg`an mu`yiz yamasa u`sh mu`yeshlikler.

***ShAN`ARAQ*** - qara u`ydin` bo`legi. Ol bir-birinin` ishine ornalasqan eki do`n`gelekten, geyde bir do`n`gelek birin-biri tuwrı mu`yesh penen kesip turatug`ın tayaqshalardan ha`m do`n`gelektin` ishki ernegine qadag`an to`rt jerde u`shewden gu`ldirewishten turadı. Shan`araq u`ydin` to`besin gu`mbezdey etip ko`rsetedi.

***İNJİ*** - (hinji) zergershilikke qollanılg`an hasıl tas (жемчуг).

***İNTERER*** - (frantsuzsha)-u`y-jay yamasa bo`lmenin` ishki bo`limi.

***KOMPOZİTsİYa*** - kompozitsiya so`zi latınsha «Kompositio», yag`nıy predmetlerdi salıstırıp, ma`lim ta`rtipte jaylastırıw, qurastırıw oylap tabıw, bayan etiw degen mag`ananı an`latadı.

Kompozitsiya, o`nerdin` barlıq tu`rlerinde a`debiyatlar, teatr-kino, muzıka, su`wretlew ha`m a`meliy o`ner, arxitektura ha`m t.b. qollanıladı. Dekorativ o`nerde kompozitsiya bir neshe nag`ıs elementlerinen du`zilip, belgili bir na`rseni bezew ushın islengen jumısqa aytıladı.

***KO`RKEM MİYRAS*** - a`wladlar ushın burınnan a`yyemgi zamannan qalg`an ko`rkem shıg`armalar.

***KO`RKEM USIL*** - ko`rkem o`nerde qollanılatug`ın usıl.

***TARAQ NAGIS*** – alashada, gilemde qollanılatug`ın nag`ıs atı

***TİYKARGI REN'*** - tabiyattag`ı sarı, qızıl, ko`k ren`ler. Usı ren`lerdin` bir-birine orta mug`darda aralastırılıwı na`tiyjesinde basqa ren`ler, yag`nıy qosımsha ren`ler payda boladı.

***SABAYAQ*** - oyma nag`ıslı, ag`ashtan islengen u`y buyımı. Gey birewlerine su`yekten ha`m qızıl ushıg`adan inkrustatsiya islenedi, u`stine ju`k jıynaw ushın paydalanadı.

***SAMAR*** - awqat quyıp ishiwge arnalg`an, ag`ashtan oyıp islengen ıdıs.

***SA`WKELE*** - kelinshektin` uzatılg`anda kiyetug`ın bas kiyimi. Halaqası kestelengen, shekeligi, man`layı, boydası gu`mis ha`m marjanlar menen a`sho`ko`ylengen. Ju`da` siyrek saqlang`an o`ner u`lgisi.

***SEGİZAQ*** - quraqtın` tu`ri. To`rtmu`yeshli qıyıqtın` do`geregine aq ren`li segiz u`shmu`yeshlik juldız taqıletli etip qondırıladı.

***SU'YEK OYMAKERLİGİ*** - xalıq a`meliy o`ner tu`rlerinin` biri; a`yyemnen rawajlang`an. Ha`r tu`rli arxeologiyalıq qazılmalar ishinde kesip, jonıp nag`ıs ha`m su`wret islengen su`yek buyım ha`m ha`ykelsheler ushıraydı. Tu`rli ko`rkem buyımlar (estelikler, taqınshaqlar, sa`depler ha`m t.b.) islewde paydalanılg`an.

***RİTM*** - (grek tilinen awdarg`anda sa'ykesleniw, ta`rtipleniw) degen mag`ananı bildiredi. Ritm degen tu`sinikke ba`rinen de burın shıg`armanın` geybir kompozitsiyalıq elementlerinin`, al qol o`neri shıg`armasında geybir nag`ıs elementlerinin` yamasa ren`ler dizbeginin` gezeklesip keliwi qaytalanıwı kiredi. Ken` ma`nide ol shıg`armadag`ı bo`leklerdin` jaqsı qurılıwına, baylanısına alıp keliwin an`latadı.

***XALIQ A`MELİY QOL O`NERİ*** - adamlardın` ku`ndelikli o`mirine kerekli sonın` menen birge olardın` estetikalıq talapların qanaatlandıratug`ın, o`mirge go`zzalıq endiretug`ın ko`rkem o`nerdin` tu`ri. A`yyem zamanlardan baslap-aq adamlar ha`r tu`rli na`rselerden (ılay, ag`ash, tas, metall, gezlemeler ha`m t.b.) islengen zatlardı o`zinin` turmısqa qollanılıwı ushın g`ana sog`ıp qoymastan, olardı *«go`zzallıq zan`lılıg`ı menen»* do`retken zattın` sulıwlıg`ı onın` sırtqı ko`rinisi, nag`ıs ren` arqalı beriledi. qol o`neri shıg`armalarına bir qansha u`y buyımları, ıdıslar, kiyimler, mebel, bezeniw zatları, arxitektura ha`m onın` geypara bo`lekleri kiredi.

***ShİY QURAQ*** - quraq ko`rpeshege salınatug`ın quraq nag`ıstın` tu`ri.

***IRGAQ*** - a`piwayı nag`ıs, o`nermentshiliktin` barlıq tu`rinde qollanıladı.



## PAYDALANILG`AN A`DEBİYaTLAR:


1. Kadrlar tayarlaw milliy da`stu`ri //Barkamol avlod O`zbekiston taraqqiyotining poydevori. – T.: Sharq, 1997
2. Allamuratov A. Ma`ngi miyras. – N., 1993.
3. Allamuratov A. Du`nya ma`deniyatı tariyxı. – N., 1996.
4. Алламуратов А. Каракалпакская народная вышивка. – Н., 1977.
5. Aytjanova A. Mekteplerde miynet sabag`ında qaraqalpaq milliy nag`ısların u`yretiw. – N., 1993.
6. Bulatov S. O`zbek xalq amaliy bezak sanati. – T., 1998.
7. Urazmetov Sh. Qaraqalpaqsha nag`ıs u`lgileri. – N., 1993.
8. Xasanov Q. Naqqoshlik. – T.: O`qituvchi, 1990.

# MAZMUNI

Kirisiw ................................................................................ 3-5
Qaraqalpaq nag'ısshılıq o'nerinin' rawajlanıwı .................................. 6-11
Nag'ıs elementlerinin' su'wretleniwi ............................................ 11-19
Buyım ushın nag'ıs kompozitsiyasın sızıw ........................................ 19-21
Nag'ısshılıqta stilizatsiya ...................................................... 21-26
Ren' tu'sinik ha'm onın' nag'ısshılıqta tutqan ornı ............................. 26-21
Nag'ıs elementlerin sızıp u'yreniw .............................................. 31-43
Test sorawları ................................................................... 44-49
Qaraqalpaq xalıq o'nermentshiliginde isletiletug'ın qısqasha atamalardın' tu'sindirme so'zligi ................................................................ 50-54
Paydalanılgan a'debiyatlar ....................................................... 55